Къэрал псоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

ЛЕНИН ГЪУЭГУ

ЛЕНИНСКИЙ ПУТЬ

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КъБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН
ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 65 (16.956).
1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 3, ГЪУБЖ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ
И уасэр кІэпІейкІи 3-щ.

Федерацэм и Советым и зэІущІэ

СССР-м и Президентым дэж Федерацэмкіэ щыІэ Советым и япэ зэІущІэ М. С. Горбачев и председателу мартым и 30-м Кремлым щекІуэкІащ.

ЗэІущІэм щедэІуащ советскэ социалистическэ федерацэм и мыхьэнэр къэІэтыным, ССР-хэм я Союзымрэ союзнэ республикэхэмрэ я хуитыныгъэхэр зэхэгъэкІыным, абыхэм я щхьэхунатыныгъэр гъэбыдэным пыщІа законодательнэ актхэм я проектхэр зэраубыхум и Іуэхукіэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм Лъэпкъхэмкіэ и Советым и председатель Р. Н. Нишановым жиІам, А Іуэху псоми гулъытэ хуащІу, зэхэхауэ тепсэлъыхьащ. Федерацэм и Советым хэт псори зэрепІлъымкІэ, къэралым и сыт хуэдэ щІыпІэ шымыпсэуми, сыт хуэдэ лъэпкъыми щыщ цІыхухэм я хуитыныгъэхэр фІыуэ хъумэным, Союз псом, республикэхэм я сэбэп зыхэлъхэр зэдегъэкІуным хуэунэтІа законхэр къэштэныр щІэгъэпсынщІэн хуейщ.

Федерацэм и Советыр Литовскэ ССР-м нобэ щыІэ щытыкІэм сыт и лъэныкъуэкІи хэплъащ, СССР-м и цІыхубэ депутатхэм я зи мычэзу ещанэ Съездым и унафэхэр гъэзэщІэным теухуауэ СССР-м и Президентымрэ Министрхэм я Советымрэ ялэжьхэм арэзы техъуащ.

Иджырей литовскэ унафэщІхэм СССР-м и Конституцэм, союзнэ властхэм ягъэувэкІэр ерыщу зэрамыгъэзэщІэм, ахэр сепаратизмэмрэ лъэпкъ пагагъэмрэ я гъуэгум нэхъри зэрытехьэм, литовскэ народым, республикэм и цІыху псоми я сэбэп зыхэлъхэм емызэгъэ и унафэхэр икъутэжыну выхунгъэзэну.

Іуэхухэм тепсэлъыхьахэщ Федерацэм и Советым хэтхэу Т. Айтматовыр, В. И. Воротников, Г. Г. Гумбаридзе, Н. И. Дементей, И. А. Каримовыр, Н. А. Назарбаевыр, Г. Паллаевыр, М. И. Снегур, В. С. Шевченкэ.

Федерацэм и Советым и лажьыгъэм хэтахэщ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель А. И. Лукьяновымрэ СССР-м и Министрхэм я Советым и Председатель Н. И. Рыжковрэ.

(ТАСС).

СССР-м и Президентым Литовскэ ССР-м и народым зэрызыхуигъазэр

*Литовскэ ССР-м и цІыхубэ депутатхэм я Съездым и унафэщІхэм я щытыкІэ зэрыхуэныкъуэкІыр щыгъуазэу, Литовскэ ССР-м и Президентым и Указ зэрыдигъэкІуар, Литовскэ ССР-м и Конституцэм и 6-нэ статья зэрыхуэгъэзар

и народым зэрызыхуигъазэр

Литовскэ ССР-м и цIыхухэу щIыхь зыхуэтщIхэ!

Къэралым и Iуэхур щыгугъу сыхьэтым сэ фэ зыфхузогъаз. Литовскэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм мы гъэм мартым и 11-м кIыщта унафэхэм дэ псори гугъуехь ин дыдэм дыхадзащ. Республикэр Советскэ Союзым зэрыпыщIар занщIэу зэпаудыну иджырей литовскэ унафэщIхэр зэрыхущIэкъум, ары лъэныкъуэу, ультиматум хабзэм тету абыхэм ялажьэр республикэм и народ псоми — литовцхэми, мылитовцхэми я псэукIэм, шынагъуэ зэрамыIэным зэран хуохъу.

Республикэм, абы и народым я псэукIэр зыубзыху Конституцэм къэрал псом и сэбэп зыхэлъхэм егъэщIылIа зэхъуэкIыныгъэхэр зыми емыцIэнджэщу, темыпсэлъыху, зы жэщ закъуэм зэрыхаларъхьэр тэмэму къэплъытэ хъуну пIэрэ?

ССР-м и цIыхубэ депутатхэм я III Съездым республикэм Совет Нэхъыщхьэр къыхуриджащ политическэ акъылыншагъэр къагъэнэну, Губзыгъагъэм зэрыхураджам и жэуапу литовскэ унафэщIхэм жэуаплынигъэ зыпылъ, хабзэм емызэгъ унафэхэр къащтащ. Абыхэм Литовскэ ССР-р адрей союзнэ республикэхэм, зэрыщыту Советскэ Союзым пэщIагъэувэ, ди народхэр куэд лъандэрэ зэрызэпыщIамрэ зэрызэдэлажьэмрэ зэпауд.

Литвам щалэжь Iуэхухэм щIэбгъэзэхуэн щхьэусыгъуэ лъэпкъ яIэкъым. Советскэ федерацэм егъэщIылIа Iуэхушхуэхэм демократием тету нэгъэсауэ дэ унафэ щатетщIыхь зэманым ахэр яложь.

Сыт хуэдэ дэ дызытет гъуэгур? Ди къэралым и народ псоми зэрыхуейуэ, я хабзэхэм тету зегъэужьынырщ, я унафэ ящIыжыну, щхьэхуитыныгъэ яIэну я закон хуитыныгъэхэм пщIэ къызэримышэнур арагуэру зэ жысIэну сыхуейщ.

Литовскэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр къыхуэзоджэ Iуэхур зэрыщытым, Литвэм и народым — литовцхэм е мылитовцхэми я сэбэп зыхэлъхэм, ахэр шынагъуэ ямыIэу, зэпэщу зэрыпсэунум, демократием и Iуэхур ди къэрал псом зэрыщыхъунум, дунейр зэпIэзэрыту зэрыщытынум теухуауэ жэуаплыныгъэ ин зэрахьым егупсысыну.

Хабзэм емызэгъыу къищта унафэхэр Литовскэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сесием икIэщIыпIэкIэ щыкъутэжын хуейуэ согъэув. Абы Iэмал къитынущ къыкъуэкIа Iуэху псоми езэгъ хабзэ закъуэм — ССР-м и Конституцэм иткъ иткIэ унафэ тещIыхьыным теухуауэ.

ГУГЪЭ СОЩI МЫ ЗЭРЫЗЫФХУЭЗГЪАЗЭР ЛИТОВСКЭ ССР-М И ЦIЫХУ ПСОМИ КЪУЗДАIЫГЪЫНУ.

ГОРБАЧЕВ М.

ССР-м и Президентым Литовскэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм зэрызыхуигъазэр

Иджырей литовскэ унафэщIхэр губзыгъэгъэм едIуэркъым, абыхэм ССР-м и цIыхубэ депутатхэм я ещанэ зи мычэзу Съездым и унафэхэр къалъытэркъым, ССР-м и Конституцэм зыкIи емызэгъ, Союз. псор зэгуэзыгъэп, зыгъэпуд Iуэхухэр яложь.

А гъуэгур зэрышынагъуэр, абы гугъуехь фIэкIа къызэримышэнур арагуэру зэ жысIэну сыхуейщ.

Литовскэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр къыхуэзоджэ Iуэхур зэрыщытым, Литвэм и народым — литовцхэм е мылитовцхэми я сэбэп зыхэлъхэм, ахэр шынагъуэ ямыIэу, зэпэщу зэрыпсэунум, демократием и Iуэхур ди къэрал псом зэрыщыхъунум, дунейр зэпIэзэрыту зэрыщытынум теухуауэ жэуаплыныгъэ ин зэрахьым егупсысыну.

Хабзэм емызэгъыу къищта унафэхэр Литовскэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сесием икIэщIыпIэкIэ щыкъутэжын хуейуэ согъэув. Абы Iэмал къитынущ къыкъуэкIа Iуэху псоми езэгъ хабзэ закъуэм — ССР-м и Конституцэм иткъ иткIэ унафэ тещIыхьыным теухуауэ.

ГОРБАЧЕВ М.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭМ Я ПОЛНОМОЧИЕХЭР КЪЭЩТЭНЫМ И IУЭХУКIЭ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И УНАФЭ

Мандат - комиссэм къыхилъхьам хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Автономнэ Советскэ Социалистическэ Республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Конституцэм и статья 94-м ипкъ иткIэ **унафэ ещI:**

Къэбэрдей - Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату 146-м 1990 гъэм мартым и 4-мрэ и 18-мрэ зыхуэфащэ хэхыпIэ округхэм щыхахахэм я полномочиехэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель КIУЭКIУЭ В.

Налшык къалэ, 1990 гъэм мартым и 30-м.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И УНАФЭ

№ 305

1990 гъэм мартым и 29-м
Москва, Кремль

«Псоми дэзэм къулыкъу щащIэн зэрыхуейм и IуэхукIэ» ССР-м и Законым ипкъ иткIэ ССР-м и Министрхэм я Советым **унафэ ещI:**

1. Дзэм къулыкъу зэрыщащIэн хуейуэ лгъэува пIалъэр зыуха зауэлIхэр 1990 гъэм апрелым — июным ССР-м и Дзэхэм, Пограничнэ, Къэрал кIуэцI, ГъущI гъуэгу дзэхэм хэгъэкIыжын.

2. Мы унафэм и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа зауэлIхэр зэрыхагъэкIыжым къыхэкIыу ССР-м и Дзэхэм, Пограничнэ, Къэрал кIуэцI, ГъущI гъуэгу дзэхэм къулыкъу щащIэну 1990 гъэм апрелым—июным щэн цIыхухъухэу щраджэ махуэм ильэс 18 хъухэр, дзэм къулыкъу щащIэну щашэну пIалъэр хуагъэIэпхъуэну хуитыныгъэ зимыIэхэр, апхуэдэу щашэну пIалъэр зыхуагъэIэпхъуауэ щыта цIыху нэхъыжьхэр.

3. Унафэр цIыхубэ информацэм и IэнатIэхэм трегъэдзэн.

ССР-м и Министрхэм я Советым и Председатель

РЫЖКОВ Н.

ССР-м и Министрхэм я Советым и Iуэхухэр зезыхьэ

ПКАБАРДНЯ М.

Дзэм къулыкъу зэрыщащIэн хуейуэ ягъэува пIалъэр зыуха зауэлIхэр 1990 гъэм апрелым—июным ССР-м и дзэхэм, Пограничнэ, Къэрал кIуэцI, ГъущI гъуэгу дзэхэм хэгъэкIыжным, зи чэзу цIыхухэр дзэм шэным я IуэхукIэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭМ Я ПОЛНОМОЧИЕХЭР КЪЭЩТЭНЫМ И IУЭХУКIЭ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И УНАФЭ

Къэбэрдей - Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату 146-м 1990 гъэм мартым и 4-мрэ и 18-мрэ зыхуэфащэ хэхыпIэ округхэм щыхахахэм я полномочиехэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель КIУЭКIУЭ В.

Налшык къалэ, 1990 гъэм мартым и 30-м.

КIУЭКIУЭ ВАЛЕРЭ МУХЪЭМЭД И КЪУЭР

1941 гъэм КъБАССР-м щыщ Тырныауз къалэм къыщалъхуащ, адыгэщ, 1966 гъэ лъандэрэ КПСС-м хэтщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Ростов дэт Парт еджапIэ нэхъыщхьэмрэ кIуэцIэдзауэ 1988 гъэ пщIондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ, 1988 гъэм — етIуанэ секретару, 1990 гъэм и февралым — япэ секретару хахащ.

КIуэкIуэ В. М. хахащ РСФСР-м и цIыхубэ депутату, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъуэм и цIыхубэ депутату.

1990 гъэм мартым и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателу хахащ.

Октябрьскэ Революцэ, Трудовой Краснэ Знамя, «Знак Почета» орденхэр къратащ.

Бахъсэн районым щыIэ «Трудовой горец» колхозым и агроном нэхъыщхьэу лажьащ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ Союзпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и аспирантурэр кIуэри нэужь, КъБАССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и отделым и унафэщIу, экономист нэхъыкъу, Аруан районым щыIэ «Лэскан» совхозым и директору лажьащ.

1974 гъэм КПСС-м и Аруан райкомым и япэ секретару хахащ, 1982 гъэм КъБАССР-м мэкъумэш хозяйствэр производственно-техническэ и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и Къэрал комитетым и председателу ягъэув. 1985 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэ пщIондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ, 1988 гъэм — етIуанэ секретару, 1990 гъэм и февралым — япэ секретару хахащ.

КIуэкIуэ В. М. хахащ РСФСР-м и цIыхубэ депутату, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъуэм и цIыхубэ депутату.

1990 гъэм мартым и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателу хахащ.

Октябрьскэ Революцэ, Трудовой Краснэ Знамя, «Знак Почета» орденхэр къратащ.

ЧЕПУРКОВ ЮРИЙ ВАСИЛЬЕВИЧЫР

1939 гъэм Северо-Осетинскэ АССР-м щыщ Орджоникидзе къалэм къыщалъхуащ, урысщ, 1964 гъэ лъандэрэ КПСС-м хэтщ, Северо-Осетинскэ мэкъумэшхозяйственнэ институтыр къиухащ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатщ.

1961 гъэм лажьэн щIидзащ Краснодарскэ крайм щыIэ «Кавказ» совхозым и зоотехникыу. Абы и ужькIэ лажьащ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш опытнэ станцым и щIэныгъэ лажьакIуэ нэхъыжьыжу, зоотехник нэхъыщхьэу, отделым и унафэщIу. 1979 гъэм къыщыщIэдзауэ 1986 гъэ пщIондэ лажьащ КъБАССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и заместителу, 1986—1987 гъэхэм — Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Къэрал агропромышленнэ комитетым и председателым и заместителу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструктору, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъы промышленностымкIэ отделым и унафэщIым и заместителу лажьащ. 1988 гъэм ноябрым КПСС-м и Прохладнэ къалэ комитетым и япэ секретару хахащ.

1990 гъэм мартым и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателым и заместителу хахащ.

КПСС-м и обкомым хэтщ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъуэм и депутатщ.

Медалхэр къратащ.

ЧАБДАРОВ БОРИС КАСИМОВИЧЫР

1936 гъэм КъБАССР-м щыщ Белэ Речкэ къуажэм къыщалъхуащ, балъкъэрщ, 1961 гъэ лъандэрэ КПСС-м хэтщ. Ростов дэт Парт еджапIэ нэхъыщхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ къиухащ.

1957 гъэм лажьэн щIидзащ Караганда къалэм и шахтэхэм ящыщ зым и горнэ мастеру, 1961 гъэм, Советскэ Армэм къулыкъу щыщIэныр зэфIэкIа нэужь, а шахтэ дыдэм и участкэм и унафэщIым и дэIэпыкъугъуу лажьащ. 1962—1965 гъэхэм комсомол лажьэгъэм щыIащ, 1965 гъэм щыщIэдзауэ парт-къэрал кIэлъыплъныгъэмкIэ Советскэ район комитетым и председателщ. 1970 гъэм къыщыщIэдзауэ, Ростов дэт Парт еджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым Парт еджэныгъэмкIэ и унэм и консультанту лажьащ. 1971 гъэм КПСС-м и Шэджэм райкомым и япэ секретару, 1973 гъэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Председателым и заместителу ягъэув.

1979 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Председателщ.

КПСС-м и обкомым и бюром хэтщ, РСФСР-м и цIыхубэ депутату, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъуэм и цIыхубэ депутату хахащ.

Трудовой Краснэ Знамя, Народхэм я Зэныбжьэгъугъэ, «Знак Почета» орденхэр къратащ.

МАМХЭГЪ МИХАИЛ ШУ И КЪУЭР

1936 гъэм КъБАССР-м щыщ Тэрч къалэм къыщалъхуащ, адыгэщ, 1961 гъэ лъандэрэ КПСС-м хэтщ, Кубанскэ мэкъумэшхозяйственнэ институтыр, Ростов дэт Парт еджапIэ нэхъыщхьэр къиухащ.

1959 гъэм лажьэн щIидзащ Мало-Къэбэрдей РТС-м и инженеру, абы и ужькIэ лажьащ «Родина» колхозым и инженер нэхъыщхьэу, «Мэкъумэш техникэ» Тэрч район объединенэм и унафэщIу. 1965 гъэм хахащ КПСС-м и Тэрч райкомым и етIуанэ секретару.

1966 гъэм къыщыщIэдзауэ 1974 гъэм къэсыху Мамхэгъ М. Ш. лажьащ «Мэкъумэш техникэ» республиканскэ объединенэм и председателу. 1974 гъэм хах КПСС-м и Тэрч райкомым и япэ секретару. 1977 гъэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Председателым и заместителу ягъэув.

1984 гъэм и январым Мамхэгъ М. Ш. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару. 1985 гъэм — етIуанэ секретару хах, 1988 гъэм ноябрым къыщыщIэдзауэ лажьащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советым и Председателу.

1990 гъэм мартым и 30-м КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм ар игъэуващ республикэм и Министрхэм я Советым и Председателу.

КПСС-м и обкомым и бюром хэтщ, РСФСР-м и цIыхубэ депутату, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъуэм и цIыхубэ депутату хахащ.

Трудовой Краснэ Знамя орденыр, «Знак Почета» орденыр тIу, медалу шы къратащ.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель ныбжьэгъу КIуэкIуэ В. М.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и япэ сессием къыщипсэлъар

ШIыкъ зыхуэтщI ныбжьэгъу депутатхэ!

Псом япэрауэ хуит сыфщI, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателу сыхэфхыу, фэ дэзыхьышхуэ кIыхьэрызэгъэзам щхьэкIэ фIыщIэ ин фхуэсщIыну. Сэ ар зэрызэпэжьым къарууэ сиIэр есхьэлIэщ, сэ сыхущIэкъуныщ гуащIэрыпсэухэр къызэрыдэIэпыкъур си щIэгъэкъуэну, зэхъуэкIыныгъэм и Iуэхур фэрэ дэрэ, щIыхубэ депутатхэм, дызэгъусэу япэкIэ дгъэкIуэтэн, демократием и Iуэхур, нахуагъэр куу щIын, абыхэм зегъэубгъун, щIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн папщIэ си къалэныщIэхэр, хуитыныгъэщIэхэр къэгъэсэбэпыным.

Зэщ1эзу къыхэзгъэщыну сыхуейт а къалэнхэр Советхэм власть псор я1эщ1элъхьэжыныр зи Iуэху нэхъыщхьэу щыт политическэ реформэр зэкIэлъыкIуэу гъэзэщIэным и гъэзэгум дытету зэфIэдгъэкIын хуейуэ къызэрыслъытэр. Ахэрщ щIыналъэ псоми зэщIыгъуу, зэдэууэ зегъэужьыным, щIыхум и псэукIэм егъэщIылIа Iуэху псори гъэзэщIэным теухуауэ жэуаплыныгъэ псори иджы си пщэм дэзылъхьэжын хуейкэр.

Абы теухуауэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэн хуейщ. Абы и пщэ къыдохуэ социально-экономическэ зыужьыныгъэр зыхуэунэтIауэ щытынур иубзыхуну, дяпэкIэ япэкIэ дгъэзэщIэну къалэнхэр зэхилъхьэну, зи чэзу Iуэхухэм унафэ трищIыхьыну. Ар фIыуэ Iуэхум хищIыкIыу лажьэ ортан хъун хуейщ. Дэ дэтхэнэ депутатми — рабочеми, колхозхэтми, инженерми, еджагъэшхуэми, докутырми, культурэм и лэжьакIуэми — и опытыр зэпытщIэу, зэхэтхьэжу зэхуэтхьэсу зедгъэсэн хуейщ. ИтIанэ дэ дерс тэмэмхэр тхуэщIынущ, унэтIыныгъэ тэмэмхэр къытхуэхъынущ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ и Iуэху еплъыкIэхэр зэрыхуейуэ щызэхуаIуэтэн, къыпищыт къалэнхэр нэхъыфIу гъэзэщIа зэрыхъуну щIыкIэм егупсысауэ, зэхъуэкIыныгъэ хуэдэу Iэмал Совет Нэхъыщхьэм къыщызэгъэпэщынщ.

Хуит сыфIщI, мыбыдэкъухэ, Совет Нэхъыщхьэм гулъытэ нэхъапэ зыхуищIынхэ хъуэну республикэм къыпэщIыпхъэкIэу республикэм и гуащIэрыпсэухэм куэд жаIэ. Иджыпсту республикэм щыщу фэтэр мини 190-м газ щIашащ, абыхэм я Iыхьэ щанитIым — бжьамийхэм къыхашри. ИтIани абыкIэ планхэр ягъэзащIэркъым. Псом япэу ар къыхокI бжьамийхэр къазэремэщIэкIым, монтаж организацэхэр зыхуеину мылъкукIэ, техникэкIэ, оборудованэкIэ щIагъуэу зэрызэмыгъэпэщам. А Iуэхухэр дэ СССР-м и правительствэм, министерствэхэм, ведомствэхэм я дежи мызэ-мытIэу къыщытIэтащ. Ди лъэIур къалъытэри, мы гъэм фондхэм къытхуащIагъуащ. АрщхьэкIэ фэтэрхэм газ щIэшэным дэ нэхърэ ерыщу яужь димыту хъунукъым.

Совет Нэхъыщхьэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыщ агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр. Нужь илъэсхэм а IэнатIэхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ, арщхьэкIэ макъумэшхэкIэ IэщхэкIыу дгъэхьэзырым жыжьэуи Iэмал къыдитыркъым союзно-республиканскэ фондым ахэр хэдгъэхьанэмкIэ, щIыхухэр зыхуейхэу зыхэхъуэхэмкIэ, мэкъумэшхэкIхэм елэжь промышленностыр зыхуейхэмкIэ зэгъэпэщыным пыщIа планхэр дгъэзэщIэну.

Лэжьыгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, ерыскъыхэкIыу Iуэхур зэрызэдгъэхьулIэну гъэзгу нэхъыщхьэу щытщ КПСС-м и аграрнэ политикэщIэр пхыгъэкIыныр, экономическэ реформэр гъэзэщIэныр, демократием и Iуэхур къуажэхэм кIуэ пэмми куу щIыщIыныр. Дэ дызэреплъымкIэ, республикэм щыIэ щытыкIэхэм тещIыхьауэ общественнэ производствэм сыт хуэдизкIи зедгъэужьын хуейщ. Колхоз, совхоз лъэщхэр экономикэм и аграрнэ секторым и лъабжьэу щытащ икIи щытынущ. Иджыпсту абыхэм мэкъумэш хозяйствэм игъэхьэзыр продукцэм и процент 70-м щIигъур къыдат. Шэч хэмылъу, ар гъунапкъэкIым. Дэ ди къалэнщ, хозяйствэр зэрызэрахъэ хабзэщIэр къэдгъэсэбэпурэ, абыхэм я къарум сыт хуэдизкIи хэдгъахъэуну. Щ1ыхухэр ерыскъыхэкIхэмкIэ зэгъэпэщыным теухуауэ апхуэдэу къалэныхэ зегъэужьынщ. Ар гъэзэщIэным Iэмал къитынущ илъэси 2—3-м къуажэдэсхэм ящыщу щIыху мини 4—5 лажьэ дгъэувыну. Нэгъуэщ1 унэтIыныгъи щыIэщ. Зи гугъу сщIыр къару куэд зытекIуадэ кIэкIыгъэхэр зытращIэ хъэсэхэм хэгъэхъуэныр, подсобнэ лэжьыгъэхэмрэ IэщIагъэхэмрэ зегъэужьыныр. АрщхьэкIэ а псоми техухауэ Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэщ. КъызэрыслъытэмкIэ, экономикэмрэ социальнэ Iуэхухэмрэ я дежкIэ абыхэм мыхьэнэуэ яIэм тещIыхьауэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Iуэху еплъыкIэр нубзыхун, игъэзэщIэн хуейщ.

КIуэкIуэ В. М. мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхухэм ящыщщ республикэм и производительнэ къарухэм нэхърэ зегъэужьыныр, район зэмылIэужьыгъуэхэм я зыужьыныгъэм хэлъ зэхуэмыдэныгъэхэр, щIыхухэр лажьэпIэ гъэувыным теухауэ щыIэ щыщIэныгъэхэр гъэзэкIуэжынщ. Республикэм программэ щаубзыхуащ лажьэу щыIэ предприятэхэм я филиалхэмрэ цеххэмрэ щIыным, хэгуэзэным теухауэ. Ар гъэзэщIэным IэмалкIитынущ илъэси 2—3-м къуажэдэсхэм ящыщу щIыху мини 4—5 лажьэпIэ дгъэувыну. Нэгъуэщ1 унэтIыныгъи щыIэщ. Зи гугъу сщIыр къару куэд зытекIуадэ кIэкIыгъэхэр зытращIэ хъэсэхэм хэгъэхъуэныр, подсобнэ лэжьыгъэхэмрэ IэщIагъэхэмрэ зегъэужьыныр. АрщхьэкIэ а псоми техухауэ Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэщ. КъызэрыслъытэмкIэ, экономикэмрэ социальнэ Iуэхухэмрэ я дежкIэ абыхэм мыхьэнэуэ яIэм тещIыхьауэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Iуэху еплъыкIэр нубзыхун, игъэзэщIэн хуейщ.

Щ1ыхубэ депутатхэм псом хуэмыдэу гулъытэ зыхуащIын хуейхэм хохьэ дэнэ щIыпIи зэпэщу щылэжьэныр, дисциплинэ, хабзэ щыгъуэувыныр. Арышауэ, ныбжьэгъухэ, дыубзыхуа къалэнхэр зэдгъэхъулIэфыну гугъэ пщIыну гугъущ.

Экономикэм, социальнэ, духовнэ IэнатIэхэм зэрызаужьынур, экологическэ Iуэхухэр зэрагъэзэщIэнур куэдкIэ елъытауэ щытынущ республикэр самоуправленэмрэ самофинансированэмрэ планым тету зэрыхуэдгъэкIуэ щIыкIэм. Абы хуэунэтIауэ еджагъэшхуэхэм, IэщIагъэлIхэм, хозяйственнэ унафэщIхэм ящыщ депутатхэм куэд длэжьын хуейуэ къытпэщытщ.

Нэхъ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэу къыщIэкIыну зы Iуэхум теухауэ мыри жысIэнут. Си псалъэм и кIэухым ар щIэсхьар а Iуэхум дегугъуу, дегупсысауэ, зедгъэлIалIэу, жэуаплыныгъэ пылъу демылажьу щытмэ, дэ къытпэщыт къалэнхэу къезбжэкIахэм ящыщ зыри зэрытхуэмыгъэзэщIэнур къыхэзгъэщын щхьэкIэщ. Сэ зи гугъу сщIыр лъэпкъхэм я зэхущытыкIэрщ. Дэ диIэ псори, зэдгъэхъуэлIа псори ди республикам и народхэм я ныбжьэгъугъэм, я зэкъуэшыгъэм къадэкIуащ, ахэр зэгъусэу зэрылажьэм, я къарур Iуэхум зэрырахьэлIэм къадэкIуащ. Адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм, дэ ди гъусэу псэу адрей лъэпкъхэм я интернационалнэ зэкъуэтыныгъэр, ахэр зэрызэрыIыгъыр, зэрызэгурыIуэр, зэрызэдэIэпыкъур ди къулеигъэ нэхъыщхьэщ, ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэщ, ди ехъулIэныгъэ псори къызэхэкIащ, нобэ диIэ фIыгъуэхэр къызыдэкIуащ, дяпэкIэ диIэнури къызыдэкIуэнущ.

А IэнатIэм теухауэ къыкъуэкI Iуэху псоми зэпIэзэрыту, дегупсысауэ, гурыщIэлей хэлмылъхьэу унафэ тещIыхьыну хуейщ. Абы теухауэ законодательнэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэдмыгъэкIыу хъунукъым.

Зэрытлъагъущи, дэ дызэлажьын куэд диIэщ. Социально-экономическэ, политическэ, лъэпкъ Iуэхухэм я унэтIыныгъэ псоми тещIыхьауэ. Сэ зи гугъу сщIахэм елъытауэ дэ куэдкIэ къалэн нэхъыбэ кыхтэощытщ. Iуэхум ехъулIэныгъэу иIэнур нэхъыбэу елъытауэ щытынущ ди лажьыгъэр зэрызэгъэпэщым, жэрдэму тхэлъым. Iуэхум зэрыхэтщIыкIым, къарууэ диIэнум, ерыщу дызэрыпежьэнум.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И КОНСТИТУЦЭМ, КЪБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЩIЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭР ХЭХЫНЫМ И IУЭХУКIЭ, КЪБАССР-м И ЩIЫПIЭ СОВЕТХЭМ Я ЩIЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭР ХЭХЫНЫМ И IУЭХУКIЭ ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЭХЭМ ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭХЭР ХЭЛЪХЬЭНЫМ, ДЫЩIЫГЪУНЫГЪЭХЭР ЯХУЭЩIЫНЫМ ТЕУХУА ЗАКОНОПРОЕКТХЭР ГЪЭХЬЭЗЫРЫНЫМ ЕЛЭЖЬЫНУ КОМИССЭ КЪЫЗЭГЪЭПЭЩЫНЫМ И IУЭХУКIЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и

УНАФЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Автономнэ Советскэ Социалистическэ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм **унафэ щIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Конституцэм, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхубэ депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ, КъБАССР-м и щIыпIэ Советхэм я щIыхубэ депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ законодательствэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, дыщIыгъуныгъэхэр яхуэщIыным теухуа законопроектхэр гъэхьэзырыным елэжьыну комиссэ къызэгъэпэщыным мы къэкIуэнухэр хэту:

Комиссэм и председателыр:

КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр — Цагъуэ хэхыпIэ округ № 84-м щыхаха депутатыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателыр.

Комиссэм хэтхэр:

Будаев Абдуллах Магомедовичыр — Надреченскэ хэхыпIэ округ № 67-м щыхаха депутатыр, Тырныауз къалэ исполкомым и председателыр.

Губин Геннадий Сергеевичыр — Ватутинэ хэхыпIэ округ № 6-м щыхаха депутатыр, щIыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ Советым и председателыр.

Гузеев Исхак Исмаиловичыр — Бабугент хэхыпIэ округ № 121-м щыхаха депутатыр, «Коммунизмге жол» газетым и редакторыр.

Гемуевэ Галинэ Масхудовнэр — Жанхъуэтекъуэ хэхыпIэ округ № 80-м щыхаха депутатыр, Бахъсэн районым щыщ ЛэпкIутIэ курыт школым и егъэджакIуэр.

Денисов Эдуард Германовичыр — Мичуринскэ хэхыпIэ округ № 59-м щыхаха депутатыр, КъБАССР-м и прокурорыр.

Дэхъушокъуэ Мусэ Нльяс и къуэр — Центральнэ хэхакIуэ комиссэм и председателыр.

Захарченкэ Виктор Гавриловичыр — Приближненскэ хэхыпIэ округ № 109-м щыхаха депутатыр, КПСС-м и обкомым и секретарыр.

Зумакулов Борис Мустафаевичыр — Хьэбэз хэхыпIэ округ № 99-м щыхаха депутатыр, КПСС-м и обкомым и етIуанэ секретарыр.

Мамхэгъ Михаил Шу и къуэр — Акъбащ Инпэ хэхыпIэ округ № 128-м щыхаха депутатыр, КъБАССР-м и Министрэхэм я Советым и Председателыр.

Мовсисян Черкес Бахшиевичыр — Зареченскэ хэхыпIэ округ № 20-м щыхаха депутатыр, «Налшык» совхозым и директорыр.

Нало Заурбий Мухьэмэд и къуэр — Бауман хэхыпIэ округ № 23-м щыхаха депутатыр, тхыдэмкIэ, филологиемкIэ, экономикэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьыр.

Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэр — СССР-м и щIыхубэ депутатыр, Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и ректорыр.

Чабдаров Борис Каснмовичыр — Белореченскэ хэхыпIэ округ № 1-м щыхаха депутатыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателым и япэ заместителыр.

Чеснокова Иринэ Николаевнэр — Черниговскэ хэхыпIэ округ № 113-м щыхаха депутатыр, «Приналчикский» къэрал къуэдзылIфI заводым и IэщыхъуэхэмI я бригадирыр.

2. Комиссэм къалэн щыщIын 1990 гъэм апрелым и 15 пщIондэ КъБАССР-м и Конституцэр, хэхыныгъэхэм ятеухуа Законхэр егъэфIэкIуэным, зэхъуэкIыныгъэхэр яхэлъхьэным теухуауэ хэхакIуэхэм, щIыхубэ депутатхэм, лажьакIуэ коллективхэм, общественнэ организацэхэм къыхалъхьэ Iуэхугъуэхэр дяпэкIэ икIи зэхэлъхьэныным елэжьыну лэжьакIуэ гупэкэр къызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель КIУЭКIУЭ В.

Налшык къалэ,
1990 гъэм мартым и 30-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхубэ депутат хэхыныкIэ Гирхожан хэхыпIэ округ № 65-м и окружной хэхакIуэ комиссэр къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и

щIыкIэм егупсысауэ, зэгъусэу лъыхъуэн хуэдэу Iэмал Совет Нэхъыщхьэм къыщызэгъэпэщыным.

Хуит сыфIщI, ныбжьэгъуныбзэ, Совет Нэхъыщхьэм гулъытэ нахьапэ зыхуищIыпхъэхэу республикэм къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэ язныкъуэхэм кIэщIу сакъытеувыIэну.

Фэрэ дэрэ ди лэжьыгъэм лъэхъэнэ гутэуи щIыдодзэ. Республикэри яхэту, къэралыгъуи, Совет Нэхъыщхьэм гулъытэ нахьапэ зыхуищIыпхъэхэу республикэм къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэ язныкъуэхэм кIэщIу сакъытеувыIэну.

Фэрэ дэрэ ди лэжьыгъэм лъэхъэнэ гутэум щIыдодзэ. Республикэри яхэту, къэралыгъуи, Совет Нэхъыщхьэм гулъытэ нахьапэ зыхуищIыпхъэхэу республикэм къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэ язныкъуэхэм кIэщIу сакъытеувыIэну.

Хуит сыфIщI, ныбжьэгъуныбзэ, Совет Нэхъыщхьэм гулъытэ нахьапэ зыхуищIыпхъэхэу республикэм къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэ язныкъуэхэм кIэщIу сакъытеувыIэну.

Фэрэ дэрэ ди лэжьыгъэм лъэхъэнэ гутэум щIыдодзэ. Республикэри яхэту, къэралыгъуи

ЗЕКIУЭ И ВАКЪЭ ЛАЖЬЭРКЪЫМ

Щоджэнцlыкlу Iэдэм и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъищым теухуауэ

Ди тхылъеджэхэм дежкlи, лъэпкъ литературэм дежкlи апхуэдэу зэуlуу къыдэкlа тхыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яlэщ. Лъэпкъ литературэр сыт хуэдэу къызэщlэмыгъэгъами, дэтхэнэ тхакlуэми усакlуэми щхьэж езым и тхэкlэ, и хъэтl иlэжщ. Абыхэм ящыщ зыщ нэ жанкlэ гъащlэм хэплъэ, гу лъэлэлкlэ цlыхум бгъэдэт, зи псэр тепыlэншэу псэу Щоджэнцlыкlу Iэдэм.

Зылl зэпичын гъуэгур зэпыкуа усакlуэр сэ сыкъызбдасынум сыкъэсащ жыхуlэу, игу зэгъэнкlи мэхъу. Ауэ Щоджэнцlыкlу Iэдэм инакlэ маплъэ, псэкlэ къэкlуэнум хуопабгъэ.

Щоджэнцlыкlум и япэ тхылъыр къызэlуех мыпхуэдэ тхыгъэхэмкlэ:

Шащlащ сатырхэр лlыгъэ шабзэкъуэу,
Лъэгэн хьэзырхэщ
псалъэхэр шабзэу,
Ауэ быдакъым си Iэр
шэкlыпкъэу,
Си нэм илъагъуркъым
нэщанэр Iэзэу...

Япэ сатыритым къагъэлъагъуэ цlыхум дунейм щlэжьа и Iэдакъэщlэкlыр, и гуащlэр гъуазэ и гъащlэм зэрыхуэхъур. Етlуанэ сатыритым къыбжаlэ усакlуэм къигъэщlа гъащlэр иджыри зэрымащlэр. Iэ быдэ-лъэ быдэкlэ гъащlэм хэтыну. «Си нэм илъагъукъым нэщанэр Iэзэу»... сатырым и мыхьэнэр апхуэдизкlэ егъэлъагэ усакlуэми, фэрыщlагъ хэмылъу жеlэ, абы и мурад дахэхэмрэ и хъуэпсэныгъэмрэ зэрыпиныр. «Нэщанэ» псалъэм Iэдэм кърегъэкl, сэ къызэрысфlэщlымкlэ, къэкlуэнур. Ар тогуэвыхь ди пщэдейр, ди къэкlуэнур зауэ щlэпэстанlуэхэм Iэпыщlэхын зэрыхуейм.

Зытедэ, зылэти,
А пшэ бампlэгъуэр!
Къегъэпс насыпыр
Дыгъэ зэщlэту!..

жеlэ Щоджэнцlыкlу Iэдэм, ину къызэфlоувэри и къару псори ирихьэлlауэ. Апхуэдэ теплъэгъуэ мыинми, Iэдэм кърегъэIуэтэф зи гъунапкъи, зи нахуи зиlэж гупсысэ лъагэ зэпкърыха. Iэдэм и тхылъхэм къыщыгъэлъагъуащ Революцэ иным дэ къытхуихьа куэдщыгъэр дэтхэнэ совет цlыхум дежкlи зэрыпlощlыр, адэкlи щlыналъэм щlэбэнэр гъащlэм зэрыхуэпэжыр, ар зыгъэ быдэу нэхъри зэригъэбыбыфlэр, бэмышlэу зэрыхуэбгъэфlэр. Iэфlыгъэм зэрыхуэбжьыфlэр...

Усакlуэм и геройхэр гъащlэм къыхеубыдыкl жыпlэмкl ущеужькlым, ауэ сэ къыхеубыдыкl жыламыlэу, зеужь, нэхъри зеузэщl, ауэ абы къикlыркъым усакlуэм реалистическэ дуней еплъыкlэ иlэным сэбэп хуэхъуар ар зауэм азрыкlуар ара къудейуэ. Жыпlэ хъунущ, апхуэдэ реалистическэ еплъыкlэщlэ усакlуэм иlэныкlэ и зауэ гъуэгуанэ кlыхь, гъуэгуанэ гугъур сэбэп къыхуэхъуауэ. Хэкум щекlуэкlэ Iуэхушхуэхэм усакlуэм и акъылыр игъэнэхуауэ, и гур инсыхьауэ.

«Сыуизауэлlщ» усэм нагуэу къыхощ усакlуэм и Хэкум, и тхыдэм, и нэмысым къыхуищl унафэм щlэту къызэрытэджыр, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ и пщэм къыдалъхьэми игъэзэщlэн зэрыхулъэкlынур.

Емызэщ гъащlэкlэ
Iэпкълъэпкъыр
Жырым палъытэу
псыхьащ,
Схъумэну уи хуитыныгъэр
Хьэзыр сэ сыткlи
сыхъуащ.

Мыбы къокl, революцэм къытхуихьа хуитыныгъэм къыхэтэджыкlа щlэблэр сытым щыгъуи и хэкур ихъумэжыну зэрыхуэхьэзырыр.

Щоджэнцlыкlу Iэдэм и тхылъым итщ лъагэуныгъэм, природэм теухуа усэхэри. Усакlуэм дегъэлъагъу гъатхэм къыдэзыгъэзэжа къуалэбзухэм я гуфlэгъуэм цlыху дэржэгъуэ къызэрыхуахьыр.

...Аурэ кърур
къолъэтэжри
Къахьыж гъатхэ—
щlыгу дахагъуэр
Гъэр нэсауэ къагъэзэжри
Дыгъэлщ бжьыхьэр —
щlыгу бэвыгъуэр.

Усакlуэм и поэзием и псэу хелъхьэ щlэр, щlэщыгъуэр. Абы къигъэщl образ гуапэхэм уи фlэщ ящl дунейр зэрыдахэр, лъагэуныгъэ къабзэ зэрыщыlэр, лэжьыгъэм цlыху гъащlэр зэрипсыхьыр лъэпкъыр зэрыпсэуныр, ди къэкlуэну щlэблэми насыпыфlэ хъуэпсэгъуэ гъащlэ зэраlэнур. Усакlуэр къыщалъхуа щlыпалъэм щыгепсэлъыхькlэ, губгъуэхэри, мэзхэри, къуршыжь щыгу уэсыбэхэри уи нэгу къыщlоувэ, абыхэм я мэ къыпщlихьэу къыпфlощl, уи щlыналъэри, уи лъэпкъри нэхъыфlыжу уагъэлъагъу, уи псэри къэкlуэным хуегъэпабгъэ.

Iэдэм и поэмэхэм щолъагъу дунейр гугъуу зэрызэхэтыр. Художественнэ псалъэм и купщlа нахъыфlхэмкlэ къеlуата урыс-адыгэ, ногъуэщl лъэпкъэри ныбжьэгъу пэму зэрызэхъуэтыр, текlуэныгъэр къызэрихьар, щlыр игъэдахэу, гъэщlэрэ щlэныгъэ къегъэщl, а псалъэуха зэхэлъыкlэм и дуней еплъыкlэри къегъэлъагъуэ. Зы тхакlуэр, нэгъуэщl тхакlуэм къыщхьэщыкlыу зыщlри, псалъэ зэхэлъхьэкlэщlэ къызэрагъэзунэхуфри аращ, мыхьэнэщlэ кlыкlыу. Iэдэм и тхылъ къыщыгъэлъагъуэпlыжыну зыхуигъэхьэзырауэ. Ди тхакlуэхэм, усакlуэхэм я тхыгъэм зыгуэрхэр щытепсэлъыхькlэ, «политикэ» псалъэр къагъэсэбэпыркъым, щышынэ нэхъей. Къыпщохъу ди тхакlуэхэр гъащlэ бэнэныгъэм хуэхейуэ псэууэ. Ар пэжкъым, дуней цlыхубэм я Iуэхущlафэм и еплъыкlэ яlэжу хоlэбэ тхакlуэр. Апхуэдэ щбытыкlэкlэ, Iэдэм и политическэ лирикэ хэlэтыкlар нэплъысыфыркъэ дэнэ щlы кlапи?! Девгъэпльыт мы усэм «Пелуанхэм я макъ» — зыфlищам хэт сатырхэм:

...Словакхэм, китайхэм,
Румынхэм, корейхэм
Лыхъужьу вьетнамхэм,
Мышынэу испанхэм —
Захуагъэм и телъхьэу
Щыт щlылъэ цlыхугъэм
Тщlыгъуу жаlэ ягу
хыхьэу:
«Иугъащlэ мамырыгъэм!»

Гъащlэ мымащlэ, гъащlэ мытынш къэзыгъэщlа Iэдэм игу жанкlэ емыщу къещын псэуныгъэм и мэскъал зэщlэщlууэхэри, зэщlэжьыуэхэри. Абы и акъыл тlысам малъхъэдисым хуэдэу зы щlашэ щыпа хъуахэр, зэщlекъуэ, зэреубыдылlэри, я мыхьэнэхэр зэгъусэ ещlыж, къару щlэрыщlэкlэ псыхьауэ усэм хелъхьэж. Тхылъым ит усэ куэдыр теухуащ лэжьыгъэм. А усэхэр зэрызешэ - зэрызелъафэкъым, якъ зэхэлъыкlэкlи зэрыlыгъуу зэдожьу. Псалъэ къызэрыгэкlхэр къохуэбгкl. Псалъэ ущрихьэли къохъу, къикlыр занщlэу мыгурыlуэгъуэу, ауэ абы уегупсысынэмэ адыгэ псалъэ кlабзэ, дэ жыдмыlэрейуэ къыщlокl. Щlыжьдмыlэрейри дыхуэмейуэ аракъым, атlэ ди бзэм и къарур къызэрыдгъэсэбэпыр мащlэу аращ. Дэ псалъэ куэд дилэщ, махуэ кlэс дызэрыпсэлъэ бам къызмыхуэнащ, абы къыхэкlкlи а псалъэхэр «мылажьэуэ» къуэгъэнапlэ хъуж хуэдэу. Апхуэдэ псалъэхэр Iэдэм тхыбзэм къыхегъэхьаж, икlи и мыхьэнэр къеlэтыж.

Лъагэуныгъэ лирикэм уущеджэкlэ, псэ зэпищlэхэм я гурылъ кlабзэр уегъэгумэкlыу, ар къэзыгъэлъагъуэ усакlуэм и гъащlэ гъуазэ, и гуащlэ дахэ. Щоджэнцlыкlу Iэдэм и тхылъ цlыкlубэ къыдэкlа щlэныгъэ лэжьыгъэм и гъэсэныгъэ, и гъащlэ гъуазэ, и гуащlэ дахэ зэрыхуэхъуар ар зауэм азрыкlуар ара къудейуэ. Жыпlэ хъунущ, апхуэдэ реалистическэ еплъыкlэ иlэным сэбэп хуэхъуар ар зауэм азрыкlуар ара къудейуэ. Жыпlэ хъунущ, апхуэдэ реалистическэ еплъыкlэщlэ усакlуэм иlэныкlэ и зауэ гъуэгуанэ кlыхь, гъуэгуанэ гугъур сэбэп къыхуэхъуауэ. Хэкум щекlуэкlэ Iуэхушхуэхэм усакlуэм и акъылыр игъэнэхуауэ, и гур инсыхьауэ.

«Сыуизауэлlщ» усэм нагуэу къыхощ усакlуэм и Хэкум, и тхыдэм, и нэмысым къыхуищl унафэм щlэту къызэрытэджыр, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ и пщэм къыдалъхьэми игъэзэщlэн зэрыхулъэкlынур.

Емызэщ гъащlэкlэ
Iэпкълъэпкъыр
Жырым палъытэу
псыхьащ,
Схъумэну уи хуитыныгъэр
Хьэзыр сэ сыткlи
сыхъуащ.

Мыбы къокl, революцэм къытхуихьа хуитыныгъэм къыхэтэджыкlа щlэблэр сытым щыгъуи и хэкур ихъумэжыну зэрыхуэхьэзырыр.

...Аурэ кърур
къолъэтэжри
Къахьыж гъатхэ—
щlыгу дахагъуэр
Гъэр нэсауэ къагъэзэжри
Дыгъэлщ бжьыхьэр —
щlыгу бэвыгъуэр.

Усакlуэм и поэзием и псэу хелъхьэ щlэр, щlэщыгъуэр. Абы къигъэщl образ гуапэхэм уи фlэщ ящl дунейр зэрыдахэр, лъагэуныгъэ къабзэ зэрыщыlэр, лэжьыгъэм цlыху гъащlэр зэрипсыхьыр лъэпкъыр зэрыпсэуныр, ди къэкlуэну щlэблэми насыпыфlэ хъуэпсэгъуэ гъащlэ зэраlэнур. Усакlуэр къыщалъхуа щlыпалъэм щыгепсэлъыхькlэ, губгъуэхэри, мэзхэри, къуршыжь щыгу уэсыбэхэри уи нэгу къыщlоувэ, абыхэм я мэ къыпщlихьэу къыпфlощl, уи щlыналъэри, уи лъэпкъри нэхъыфlыжу уагъэлъагъу, уи псэри къэкlуэным хуегъэпабгъэ.

Iэдэм и поэмэхэм щолъагъу дунейр гугъуу зэрызэхэтыр. Художественнэ псалъэм и купщlа нахъыфlхэмкlэ къеlуата урыс-адыгэ, ногъуэщl лъэпкъэри ныбжьэгъу пэму зэрызэхъуэтыр, текlуэныгъэр къызэрихьар, щlыр игъэдахэу, гъэщlэрэ щlэныгъэ къегъэщl, а псалъэуха зэхэлъыкlэм и дуней еплъыкlэри къегъэлъагъуэ. Зы тхакlуэр, нэгъуэщl тхакlуэм къыщхьэщыкlыу зыщlри, псалъэ зэхэлъхьэкlэщlэ къызэрагъэзунэхуфри аращ, мыхьэнэщlэ кlыкlыу. Iэдэм и тхылъ къыщыгъэлъагъуэпlыжыну зыхуигъэхьэзырауэ. Ди тхакlуэхэм, усакlуэхэм я тхыгъэм зыгуэрхэр щытепсэлъыхькlэ, «политикэ» псалъэр къагъэсэбэпыркъым, щышынэ нэхъей. Къыпщохъу ди тхакlуэхэр гъащlэ бэнэныгъэм хуэхейуэ псэууэ. Ар пэжкъым, дуней цlыхубэм я Iуэхущlафэм и еплъыкlэ яlэжу хоlэбэ тхакlуэр. Апхуэдэ щбытыкlэкlэ, Iэдэм и политическэ лирикэ хэlэтыкlар нэплъысыфыркъэ дэнэ щlы кlапи?! Девгъэпльыт мы усэм «Пелуанхэм я макъ» — зыфlищам хэт сатырхэм:

...Словакхэм, китайхэм,
Румынхэм, корейхэм
Лыхъужьу вьетнамхэм,
Мышынэу испанхэм —
Захуагъэм и телъхьэу
Щыт щlылъэ цlыхугъэм
Тщlыгъуу жаlэ ягу
хыхьэу:
«Иугъащlэ мамырыгъэм!»

Гъащlэ мымащlэ, гъащlэ мытынш къэзыгъэщlа Iэдэм игу жанкlэ емыщу къещын псэуныгъэм и мэскъал зэщlэщlууэхэри, зэщlэжьыуэхэри. Абы и акъыл тlысам малъхъэдисым хуэдэу зы щlашэ щыпа хъуахэр, зэщlекъуэ, зэреубыдылlэри, я мыхьэнэхэр зэгъусэ ещlыж, къару щlэрыщlэкlэ псыхьауэ усэм хелъхьэж. Тхылъым ит усэ куэдыр теухуащ лэжьыгъэм. А усэхэр зэрызешэ - зэрызелъафэкъым, якъ зэхэлъыкlэкlи зэрыlыгъуу зэдожьу. Псалъэ къызэрыгэкlхэр къохуэбгкl. Псалъэ ущрихьэли къохъу, къикlыр занщlэу мыгурыlуэгъуэу, ауэ абы уегупсысынэмэ адыгэ псалъэ кlабзэ, дэ жыдмыlэрейуэ къыщlокl. Щlыжьдмыlэрейри дыхуэмейуэ аракъым, атlэ ди бзэм и къарур къызэрыдгъэсэбэпыр мащlэу аращ. Дэ псалъэ куэд дилэщ, махуэ кlэс дызэрыпсэлъэ бам къызмыхуэнащ, абы къыхэкlкlи а псалъэхэр «мылажьэуэ» къуэгъэнапlэ хъуж хуэдэу. Апхуэдэ псалъэхэр Iэдэм тхыбзэм къыхегъэхьаж, икlи и мыхьэнэр къеlэтыж.

Лъагэуныгъэ лирикэм уущеджэкlэ, псэ зэпищlэхэм я гурылъ кlабзэр уегъэгумэкlыу, ар къэзыгъэлъагъуэ усакlуэм и гъащlэ гъуазэ, и гуащlэ дахэ зэрыхуэхъуар

ЛУНЕЙР ИОБЭ

нэгъуэщl къэралхэм къратыкl

ИУЖЬ СЫХЬЭТЫМ

ВАШИНГТОН. Латинскэ Америкэм щыщ къэралхэм щыпсэу дэтхэнэ цlыхуми хуэдэу хэхъуэ къаlэрыхьар нужь илъэсипщlым процентти 8-кlэ нэхъ мащlэ хъуащ. Апхуэдэу къыщыгъалъэгъуащ зыужьыныгъэмкlэ межамериканскэ банкым игъэхьэзыра докладым. Абы эритымкlэ, а къэралхэм цlыхуу иcыр процентти 2,4-кlэ нэхъыбэ хъуамэ, промышленностым а зэманым зэрызиlэтар процент 0,7-кlэщ. А щlыпlэм ис къэрал 25-м щыщу блым я промышленностым продукцэу къыщlигъэкlыр нэхъ мащlэ хъуащ. Абы псом хуэмыдэу куэдкlэ — процент 14-кlэ — Перум щыхэщlащ. Бразилиемрэ Мексикэмрэ я промышленностым продукцэу къыщlигъэкlым процентти 3-кlэ хагъэхъуащ.

МОНТЕЛИМАР (Никарагуа). Никарагуам и тенджыз Iуфэм Iут мы зыгъэпсэхупlэм Центральнэ Америкэм ис къэралитхум я президентхэм я зэIущlэ нобэ къыщызэIуахащ. Ахэр Никарагуам зауэр щыгъэувыIэным пыщIа Iуэхухэм топсэлъыхь. Апхуэдэу зэIущIэм хэтхэм унафэ тращIыхьынущ Центральнэ Америкэм Iуэхур зэтес щыщIыным.

Никарагуанскэ контрасым и зауэлIхэр зэбгрыуты-щыкIыжыным теухуауэ Никарагуам, Сальвадорым, Гватемалэм, Гондурасым, Костэ-Рикэм я президентхэр 1989 гъэм февралым зэгурыIуауэ щытащ. Аращхьэкlэ а унафэхэр ягъэзэщlакъым.

ГАВАНЭ. Сальвадорым хъыбар къызэрыратыкlамкlэ, Фарабундэ Марти и цlэр зезыхьэ Лъэпкъ щхьэхуитщlыжакlуэ фронтым и партизан отрядхэм зауэр щlагъэхуабжьэ. Сальпресс-Нотисаль сальвадорскэ информационнэ агентствэм къызэригъалъагъуэмкlэ, партизан отрядхэм дыгъуасэ правительствэм и дэхэм я сэлэтрэ офицеру 23-рэ яукlащ.

Зауэр нэхъ гуащlэу щекlуэкl щlыпlэхэм щыщыщ Чалатенанго, Санти-Висенти департаментхэр. Санти-Хосе-Лако-Флоренс, Льяно-Вербе жылагъуэхэм я гъунэгъу щlыпlэхэм правительственнэ дэхэм я зауэлl 14 щаукlащ.

ЛЮКСЕМБУРГ. Нобэ мы-бы къыщызэIуах Европейскэ сообществэхэм я советым и сессие. Абы нэгъуэщl къэрал Iуэхухэмкlэ министрхэр хэтщ. Сессиер къэралхэм я зэхуаку дэлъ экономическэ зэпыщlэныгъэр гъэлъэшыным, ахэр Къуэкlыпlэ Европэм щыщ къэралхэм. Сатум теухуа европейскэ ассоциацэм хэт къэралхэм зэрадэлажьэну щыкlэм тепсэлъыхьынущ. ЗэIущIэм щыIэхэм тхьэмахуэ кlуам Франшием, ФРГ-м, Ирландием я унафэщlхэм къаlэта Iуэхум — политическэ зэакъылэгъуныгъэ яку зэрыдэлъынум тепсэлъыхьыну я мурадщ. ЗэIущIэм ФРГ-м нэгъуэщl къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Г.-Д. Геншер къыщыпсэлъэну я гугъэщ. Абы германскэ къэралитыр зэгуэгъэхьэжыным теухуа Iуэхур зэрызэфlагъэкlым зэIущIэр щыгъуазэ нщlынущ.

(ТАСС, апрелым и 2-м).

Великобританием щlэупщlэшхуэ щиlэщ микроэлементхэмкlэ лажьэ телефонхэм. «Ю. С. Ньюс энд уорлд рипорт» американскэ еженедельникым зэритхымкlэ, апхуэдэ телефону къэралым нджыгту мин 900-м щlигъу къыщагъэсэбэп.

СУРЭТЫМ: телефон лlэужьыгъуэщlэр Лондон кlуэ пэтми нэхъыбэ щохъу.

(ТАСС).

ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ Я УЖЬКIЭ

Республикэм щекlуэкlа хэхыныгъэхэм кърикlуахэм схутепсэлъыхьыну сыщеплъаlум, Никарагуам и посолу СССР-м щыlэ Эрнесто Хосе Кастильо Мартинес и япэ псалъэу зэхэсхар мыраш: «Абыхэм кърикlуахэр сандинистхэри оппозицэри зыкlи зыпэмыплъауэ щыташ».

— Лъэпкъыр щхьэхуит къегъэщlыныкlэ тандинистскэ фронтым и мурадри? — жеlэ адэкlэ Мартинес. — СФНО-р, дауи, народым зи гъащlэр зыщlата къэзэуныгъэхэр хэумэжынымкlэ. Конструктивнэ оппозицэ увкlэрэ фронтыр кlэлъыплъынущ конституцэм щыгъуэзыри ямыгъэкlуадыжыным. Нэхъ ин, нэхъ зэкъуат икlи зэщlагъэуlуа партие къэралым щыщыту, СФРЮ-м жэуап ехь политическэ, социальнэ lэнатlэхэм къыщахьа ехъулlэныгъэ, щрагъэкlуэкlа лъэпкъыр зэгурыlуэныгъэм и пашlэ Iуэхугъуэ зыбжанэ а правительствэм илажьын, къэбгъэлъагъуэмэ, «Никарагуам ССР-мрэ Кубэмрэ пыщlэныгъэ яхуимыlэжын» хуейуэ.

Оппозициониэ лъапкъ союзыр щогугъ Вашингтон и закъуэ илъэс кlэс долларымелуан 600 финансовэ дэкlыу япэкlэ кlуэтэныгъэ щымыlауэ. Ауэ апхуэдэуи зыми щlнуфэфынкъым народ цlыхубэм социальнэ и лъэныкъуэкlэ фlэкlуэдар зыхуэдизри, цlыхухэм я псэукlэм хэлъ зэхуэмыдэныгъэхэр икъутэжыну зэримурадыр жиlащ. Уеблэмэ, президент Буш и пщэ кlалэну делъхьэж Манагуа Iэрыхьэу зыщIидзэну, лъэныкъуэ куэд къызэщlэзыубыдэ экономическэ дэIэпыкъуныгъэр унэтIыныр. Властыр зыIэрыхьэну правительствэщlэр дэIыгъыным и телъхьэу къэуващ американскэ конгрессыр. Ауэ абы апхуэдэуи къегъэув апхуэдэ дэIыгъыныгъэм пашlэ Iуэхугъуэ зыбжанэ а правительствэм илажьын, къэбгъэлъагъуэмэ, «Никарагуам ССР-мрэ Кубэмрэ пыщIэныгъэ яхуимыIэжын» хуейуэ.

Оппозициониэ лъапкъ союзыр щогугъ Вашингтон и закъуэ илъэс кlэс долларымелуан 600 финансовэ дэкlыу япэкlэ кlуэтэныгъэ щымыlауэ. Ауэ апхуэдэуи зыми щlнуфэфынкъым народ цlыхубэм социальнэ и лъэныкъуэкlэ фlэкlуэдар зыхуэдизри, цlыхухэм я псэукlэм хэлъ зэхуэмыдэныгъэхэр икъутэжыну зэримурадыр жиlащ. Уеблэмэ, президент Буш и пщэ кlалэну делъхьэж Манагуа Iэрыхьэу зыщIидзэну, лъэныкъуэ куэд къызэщlэзыубыдэ экономическэ дэIэпыкъуныгъэр унэтIыныр. Властыр зыIэрыхьэну правительствэщlэр дэIыгъыным и телъхьэу къэуващ американскэ конгрессыр. Ауэ абы апхуэдэуи къегъэув апхуэдэ дэIыгъыныгъэм пашlэ Iуэхугъуэ зыбжанэ а правительствэм илажьын, къэбгъэлъагъуэмэ, «Никарагуам ССР-мрэ Кубэмрэ пыщIэныгъэ яхуимыIэжын» хуейуэ.

Абы и лэжьэкlэр

ФРГ-м и бундестагым и «Тульпенфельд» унэм и 15-нэ этажым щылажьэ Карстен Фойгт и бюро инэр журналист куэдым яцIыху. Ар СЕПГ-м и фракцэм къэрал щIыб политическэ Iуэхухэмкlэ и экспертщ. Фойгт езыр зыхэт партыр Iэщlэр гъэмэщlэным, цIыхубэр шынагъуэ ямыIэу гъэпсэуным я телъхьэу зэрыувыр псоми ягурегъаIуэ.

Парламентым хэт абы и лэжьэгъуэ махуэр, тхьэмахуэр, мазэр зытеухуауэ щытынур убзыхуащ. Абы и зэманыр апхуэдэу зэзыгъэзахуэр илъэсипщl хъуауэ и секретарь Д. Кеттщ.

Бундестагым и справочникым депутат 500-м ящыщ дэтхэнэми и сурэтыр, и кlэлъыкlэкlыныгъэр, цlыхубэ итщ. Фойгт илъэс 35-рэ и ныбжьэ 1978 гъэм бундестагым (парламентым) и депутат хъуащ. Гамбург, Кенигштейн, Майн Iуэ Франкфурт дэт университетхэм щыщIэсам, абы Скандинавием и тхыгъэ, германистикэр иджащ. Ар илъэс 21-рэ зэрыхъурэ СДПГ-м и программэхэм йоджэ. Абы махуэ къэс газети 10-м щIигъу къещIэху. Депутатым кlуухуатх письмохэр Д. Кетт махуэ къэс зэхеда. Фойгтрэ Кеттрэ щыщlэныгъэ пэшхэр, абыхэм щIэт техникэр парламентым къарет. Депутатым секретару, референту иlэнур зыхуэдизым унафэ тезыщIыхьыр езырщ. Абыхэм ятригъэкlуэдну абы илъэс кlэс маркэ мин 12-м нэс хуеутIыпщ.

Фойгт пщыхьэщхьэкlэ щIы щхьэхуэхэм я парт гупхэм яIуощlэ. Ахэр зэфlэгъэкlын хуей къалэнхэм зэгъуэзу топсэлъыхь. КъыIэрыхьа письмохэм жэуапхэр яритыжын щхьэкlэ абы Iэщlагъэлlхэр, фракцэм и референтхэр здегъэlэпыкъу. Парламент хэтхэм ящыщ дэтхэнэми илъэсым письмо 900 — 1.000-м жэуап ирет.

Депутатым маза кlэс ират маркэ мини 10-м налогыу, процент 25-м къыщыщlэдзауэ 40-м нэс кокI (и унагъуэм щIыхуу иным тещIы-

...жеІэ Щоджэнцlыкlу Іэдэм и къаруныкъуэфlэуэрэ и къару псори ирихьэлlауэ. Апхуэдэ теплъэгъуэ мыинымк, Іэдэм кърегъэІэтэф зи гъунапкъи, зи нэхъри зэlэлъ гупсысэ лъагэ зэпкърыха. Іэдэм и тхылъхэм къыщыгъэлъэгъуащ Революцэ инымк дэхэтхунэ къэзыщlэр дэтхэнэ совет цlыхубэми.

лъапlэу зэрыщытыр, адэжь щlыналъэм щlэбэныр гъащlэм зэрыхуэпэжыр, ар лъахэ быдэу нэхъри зэригъэбжыфlэр, бэвгъэм зэрыхуэпабгъэр. Іэфlыгъэм зэрыхуэбжыфlэр...

Усакlуэм и геройхэр гъащlэм къыхеубыдыкl жыпlэми ущыгъэнкъым, ауэ сэ, къыхеубыдыкl жызмыlэу, къыхсухуэныкl, жысlэнт. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ ахэр псори гъащlэм щыгэпыщlащ. Ауэ сытым дежи лlыгъэр зи гъуазэр ер зезыхьэм токlуэ.

Мис мы сатырхэм къагъэлъагъуэ лlыгъэм и гуращэр къабзэу зэрыщытыр:

Псынэм и къабзагъэр
къызыхэкlыр
Ар щlыгу лъапlэ
гугъуехэм зэрыпхыкlырщ.
Сшхыкlащ гугъуехьэм
пэжыр гъуазэу,
лlыгъэм си гуращэр
игъэкъабзэу...

Усакlуэм и щхьэр уэсу кьетхъухами, абы и гур щlалэгъуэ гъэхэр зезыхьэ, къэзылъэтыхь пцэемыблэжь емыщыкщ. Тхылъым Іыхьэфl щеубыд Іэдэм зауэ зэманым тритхыхьахэм. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, зауэ гъуэгум щитха усэхэр зэрыщыту кlуэдауэ щытащ, икlи абы и ужькlэ куэдыр зэи дунейм кьытехьажакъым.

Зауэ ныжь лъэхъэнэм Іэдэм и творчествэм нэхъ усакlуэм гупсысэ пыухыкlа



Налшык телемеханическ аппаратурэ заводым и лажьакlуэ пашэхэм ящыщщ 6-нэ разряд зиlэ токарь Романенкэ Александр (сурэтым). Абы и Іэдакъэщlэкlыр дагъэнэщ, къыпэщыт къалэнхэм сыт щыгъуи щlрегъэгъу.

Тезыхэр ЩОМАХУЭ Владимирщ.

...сагъуэ гъащlэ зэрагэнэр. Усакlуэр къыщалъхуа щlыналъэм щlегъасэхькlэ, щlэпсэлъэхькlэ, мазэхэри, къурбгъуэхэри, мазэхэри, къуршынь щыгу уэсыбэхэри уи нэгу къыщlоуlэ, абыхэм я мэ къыщlихьэу къыпфlощl. Ауэ уи щlыналъэри, уи лъэпкъри пэхъыфlыжу уагъэлъагъу, уи псэри къэкlуэнум хуегъэпагъэ.

Іэдэм и поэмэхэм щолъагъу дунейр гугъуу зэрыгэхэлъыр. Художественнэ псалъэм и кущlэ нэхъыфlхэмкlэ къеlуатэ урыс-адыгэ, нэгъуэщl лъэпкъхэри ныбжьэгъу пэжу зэрызэкъуэтыр, текlуэныгъэ къызэрахьар, щlыр ягъэдахэу, гъащlэр ягъэбагъуэу лъагъуэщlэ дунейм щыхашу зэрыпсэур.

«Лlыхъужьыгъэ» поэмэм хэт лlыхъужьыт лъэпкъ зырызым къалъхуащ, ауэ зэкъуэшитlым хуэдэу зэбгъэдэту бий ерум пэщlэтщ. «Нэхъ лlы щапхъэу ягъэлъагъуэу, игъуэ хъуауэ лlы пащlапщlэу хэтт дээм щlэлитl зэныбжьгъуэу — Громов, Туков я унэщlэу...». Усакlуэм къигъэщl гупсысэхэр и щхьэм хуэгъэзэжа хуэдэу къыщlпщыхъуи щыlэщ, нэгъуэщlым хуиlэ пыщlэныгъэр псалъэхэм нэхъ щlэгъэпщкlууэ. Абдежми, уи гум уепсэлъэж хуэдэурэ, укъэзыухъуреихь дунейм зыхубогъаэ, уи гумкlэ зэбгъэзэхуэжа гупсысэ къабзэкlэ, епlлыкlэ жанкlэ гъащlэр къыбоплъыхь. Мыбдежым, дауи, псом нэхърэ нэхъапэр, адрейхэм къаззрыщхьэщыкl гупсысэ гъэпсыкlэ мыхьэнэрщ. Псалъэхэм я зэбгъэдэгъуэвкlэ мыхьэнэр къигъэсэбэпурэ, усакlуэм гупсысэ пыухыкlа

(Кlэухыр 4-нэ напэм).

— Лъэпкъыр щхьэхуит къегъэщlынымкlэ тандинистскэ фронтым и мурадри? — жеlэ адэкlэ Мартинес. — СФНО-р, дауи, народым зи гъащlэр зыщlата къызыщlэхэр хэтумэжьынымкlэ, Конструктивнэ оппозицlуэ къыlэта фронтыр епlлъынлъынущ конституцэм щыгъуэ шэсыпlэхэм щыщу зыри ямыгъэкlуэдыжыным. Нэхъ ин, нэхъ зэкъуэт икlи зэщlэгъэуlуэ партy къэралым щыщыту, СФРЮ-м жэуап ехь политическэ, социальнэ lэнатlэхэм къыщахьа ехъулlэныгъэ, щрагъэкlуэкlа зэхъуэкlыныгъэ псори хъума хъунымкlэ. Зи гугъу сщlыр революцэм и къэзэуныгъэхэу лъэпкъ суверенитетым, щlыхубэ властым, жалэну зыхуейхэмкlэ хуитыныгъэ яlэным, аграрнэ реформэм, агрессием пэщlэтыну Никарагуам Іэмал къезыта зыхъумэжьыныгъэ системэм хуэдэхэр зыфlэмыгъэкlуэдыжынырщ.

Си псалъэгъум жиlэхэм ягъэбелджылыр зы лъэныкъуэм и Іуэху епlлъыкlэрщ. Ауэ дыщlэвгъэупщlэт: сыт и мурадхэр адрей лъэныкъуэм — правительствэщlэм? Ар къэпщlэну зэкlэ тыншкъым. Уеблэмэ, «Нью-Йорк таймс» американскэ газетым къелъытэ оппозиционнэ лъэпкъ союз коалицэм хэхьа партl 14-р зэзышалlэр сандинистхэр фlыуэ зэрамылъагъу къудейр арауэ. Абы къищынэмыщlауэ президенту хаха Виолеттэ Баррнос дэ Чаморрэ программэ пыухыкlа иlэкъым. А газетым къегъэлъагъуэ Чаморрэ гъусэ зыхуэзыщlа, егъэлеяуэ правэу щыт гупсэхэм, властыр сандинистхэм щаlыгъам зи ефlэкlыныгъэхэр къызыlахауэ щытахэм, япэрей хабзэхэр зэфlагъэувэжыну къагъэувынкlэ зэрыхъунур.

Газетхэм ятхэхэр прессэ щхьэхуитым и Іуэху епlлъыкlэ тlуащlэр къызыдонэкl.

Гъубжэрэ уадэрэ зи паспортхэм тет ахэр, я Іыхьлыхэм зэрырагъэблагъэмкlэ тхылъ ямыlыгъыу щытмэ, я лъахэм кlуэ хъунукъым. Абыхэм хуит зэращl тхылъ къыlахын щхьэкlэ консульствэхэм я щlыхьэпlэхэм деж зэман куэд щагъэкlуэд.

Абы и закъуэкъым ахэр гугъу езыгъэхьхэр. Зэрыхуейуэ сатyр зэращl хабзэм зэрыхуэкlуэм къыхэкlыу социальнэ зэхъуэкlыныгъэ инхэр къохъу. Фейдэ зимыlэ предприятэхэмрэ организацэхэмрэ западногерманскэхэм хохьэж е зэхуащlыж. Щlэныгъэ lуэхущlапlэхэм, вузхэм, школхэм цылажьэхэм ящыщ куэд lуагъэкl. Іэщlагъэлl минхэр лажьапlэншэу кlонэ. ГДР-м и щlыхъэхэм ящыщхэу лажьапlэ зимыlэхэм ахъшэ ират. Нэгъуэщl кэрал щlыхуэм ар къыlахыну хуитыныгъэ яlэкъым. Ауэ щыхъукlи псом япэу лажьапlэм lуагъэкlэр ахэрщ. Апхуэдэу ахэр я сабийхэр зратын садкlэ, псаупlэ унэкlэ, медицинскэ lуэхущхьэбзэкlэ гугъу йохь.

Парламентым и депутатхэр зэрыхахэм къызэригъэлъагъуэмкlэ, Германиер куэд дэмыкlыу зэгухьажыну е ГДР-р ФРГ-м гухьэну къыщlэкlынщ. Итlанэ капиталистическэ ФРГ-м щызекlуэ законхэм социалистическэ нэмыцэ кэралми зыщаубгъунущ. Нэгъуэщl кэрал щlыхуэм я lуэхур нэхъри гугъу хъунущ.

Абы еужьэрэкlын зэрыхуейр къагурыlуэри, жардэм къэзыlэта гупым хэтхэм Дрезденскэ округым щыпсэу советскэ щlыхуэгэ зэчэнджэщыну зэхуагъэсащ. Ди дзэхэм я гарнизоным абыхэм зэlущlэ щрагъэкlуэкlын клуб яритащ.

«Зэпыщlэныгъэ» обществэм хэтхэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэмрэ ГДР-м и Щlыхубэ палатэмрэ хуагъэхь документхэр къащтащ. Абыхэм къагъэлъагъуэ советскэ щlыху минхэр социальнэ гугъуехьышхуэ зэрыхэхуар, ахэр къэралитlми я щlыхуэу ялъытэн зэрыхуейр. Иджы абыхэм ящыщ зыбжанэм, СССР-м и щlыхуэу зэрыщытыр Іэщlыб ящlри, ГДР-м ейхэу зрагъэтх.

Абыхэм я сообществэр зэрыхъунур зэкlэ жыlэгъуейщ. Историк, политолог Харитонов Александр зэреплъымкlэ, коммунэ гуэр къызэlуахын, общественнэ щlы къыlахын, абы унэ, предприятэ тращlыхьын, лажьэу щlадэзн хуейщ. Итlанэ лэжьапlэншэхэмрэ щlагъуэу хуэмыщlахэмрэ нэхъыфlу псауну Іэмал ягъуэтынущ.

«Зэпыщlэныгъэ» дрезденскэ обществэм хуэдэ нэгъуэщl организацэхэри ГДР-м щыlэщ. Советскэ щlэныгъэмрэ культурэмрэ я берлинскэ унэм «Диалог» клуб илъэсит хъуауэ щолажьэ. Абы СССР-м и цlыхухэу къалащхьэм зэпымыууэ дэсхэр къызэщlеубыдэ. Клубым культурнэ лажьыгъэщхуэ иregъэкlуэкl — 20—30-нэ гъэхэм СССР-м икlыжахэм ятеухуа материалхэр зэхуэхьэс. ГДР-м и культурэм и лажьакlуэхэу ди къэралым и тхыдэм быдэу пыщlахэм яlоущlэ.

Дауи, социалистическэ къэралхэм Іэпхъуа советскэ цlыхухэр зэщхькъым. Абыхэм пщlэ хуащlыну зыхуэмыфащэхэри ятэтщ. Ауэ ахэркъым дызытепсалъыхьыр. Зи гугъу тщlыр щхьэусыгъуэ яlэу Іэпхъуахэрщ, ди Хэкум пэlэщlэ зэрыхъуар къызэхъулъэкlэрщ. Иджыри зэ жызоlэри, абыхэм фэрэ дэрэ тlыгъым хуэдэ советскэ паспортхэр яlэщ. Ахэр «етlуанэ сорт» советскэ цlыхухэу къалъытэн хуейуэ къэзыгъэуэ законэкlуэркъым.

ОСИНСКИЙ Игорь,
ТАСС-м и корр.
Дрезден—Берлин.

ГДР-м ЩЫПСЭУ ДИ ЦlЫХУХЭР

Германскэ Демократическэ Республикэм зэпымыууэ щыпсэу советскэ цlыхухэм я учредительнэ зэlущlэ иджыблагъэ Дрезден щыlащ. Абы хэтахэм «Зэпыщlэныгъэ» обществэ къызэрагъэпэщащ. Маяковскэм и усэм советскэ паспортым теухуауэ хэт псалъэхэр абыхэм зэрыщыгуфlыкl щlагъуэ щымыlэу жаlэ.

Щхьэусыгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм къыхэкlыу (хэт дэкlуащ, хэти къишам я дежlэпхъуащ) абыхэм я лъахэр ябгынащ. СССР-м и цlыхухэу иджыри къанэ пэтми, ахэр ди къэралым дежкlэ хамэ хуэдэу хъуащ, здэкlуами езыхэм яйхэм хабжэркъым.

Социалистическэ къэралхэм Іэпхъуа советскэ цlыхухэм ятеухуа тхыгъэхэр иджыри къэс газетхэм традзэу щытакъым. Ар гъэщlэгъуэнщ. Зы лъэныкъуэкlэ къапщтэмэ, дэ тщыщ дэтхэнэми цыщlыкlуэм щыщlэдзауэ зэхихырт социалистическэ къэралхэм я цlыхухэр ди «къуэшхэу», ди «ныбжьэгъухэу» зэрыжаlэр. Нэгъуэщl лъэныкъуэкlэ къапщтэмэ, абыхэм Іыхьлы яхуэхъуу ди Хэкум икlэр «хьэбыршыбырхэм» хабжэрт. ЗэхъуэкIыныгъэм дызэрыхьхьэрэ илъэситху щыхъу мы зэманым апхуэдэ Іуэху епlлъыкlэ тlуащlэр къызыдонэкl.

Гъубжэрэ уадэрэ зи паспортхэм тет ахэр, я Іыхьлыхэм зэрырагъэблагъэмкlэ тхылъ ямыlыгъыу щытмэ, я лъахэм кlуэ хъунукъым. Абыхэм хуит зэращl тхылъ къыlахын щхьэкlэ консульствэхэм я щlыхьэпlэхэм деж зэман куэд щагъэкlуэд.

Абы и закъуэкъым ахэр гугъу езыгъэхьхэр. Зэрыхуейуэ сатyр зэращl хабзэм зэрыхуэкlуэм къыхэкlыу социальнэ зэхъуэкlыныгъэ инхэр къохъу. Фейдэ зимыlэ предприятэхэмрэ организацэхэмрэ западногерманскэхэм хохьэж е зэхуащlыж. Щlэныгъэ lуэхущlапlэхэм, вузхэм, школхэм цылажьэхэм ящыщ куэд lуагъэкl. Іэщlагъэлl минхэр лажьапlэншэу кlонэ. ГДР-м и щlыхъэхэм ящыщхэу лажьапlэ зимыlэхэм ахъшэ ират. Нэгъуэщl кэрал щlыхуэм ар къыlахыну хуитыныгъэ яlэкъым. Ауэ щыхъукlи псом япэу лажьапlэм lуагъэкlэр ахэрщ. Апхуэдэу ахэр я сабийхэр зратын садкlэ, псаупlэ унэкlэ, медицинскэ lуэхущхьэбзэкlэ гугъу йохь.

Парламентым и депутатхэр зэрыхахэм къызэригъэлъагъуэмкlэ, Германиер куэд дэмыкlыу зэгухьажыну е ГДР-р ФРГ-м гухьэну къыщlэкlынщ. Итlанэ капиталистическэ ФРГ-м щызекlуэ законхэм социалистическэ нэмыцэ кэралми зыщаубгъунущ. Нэгъуэщl кэрал щlыхуэм я lуэхур нэхъри гугъу хъунущ.

Абы еужьэрэкlын зэрыхуейр къагурыlуэри, жардэм къэзыlэта гупым хэтхэм Дрезденскэ округым щыпсэу советскэ щlыхуэгэ зэчэнджэщыну зэхуагъэсащ. Ди дзэхэм я гарнизоным абыхэм зэlущlэ щрагъэкlуэкlын клуб яритащ.

«Зэпыщlэныгъэ» обществэм хэтхэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэмрэ ГДР-м и Щlыхубэ палатэмрэ хуагъэхь документхэр къащтащ. Абыхэм къагъэлъагъуэ советскэ щlыху минхэр социальнэ гугъуехьышхуэ зэрыхэхуар, ахэр къэралитlми я щlыхуэу ялъытэн зэрыхуейр. Иджы абыхэм ящыщ зыбжанэм, СССР-м и щlыхуэу зэрыщытыр Іэщlыб ящlри, ГДР-м ейхэу зрагъэтх.

Абыхэм я сообществэр зэрыхъунур зэкlэ жыlэгъуейщ. Историк, политолог Харитонов Александр зэреплъымкlэ, коммунэ гуэр къызэlуахын, общественнэ щlы къыlахын, абы унэ, предприятэ тращlыхьын, лажьэу щlадэзн хуейщ. Итlанэ лэжьапlэншэхэмрэ щlагъуэу хуэмыщlахэмрэ нэхъыфlу псауну Іэмал ягъуэтынущ.

«Зэпыщlэныгъэ» дрезденскэ обществэм хуэдэ нэгъуэщl организацэхэри ГДР-м щыlэщ. Советскэ щlэныгъэмрэ культурэмрэ я берлинскэ унэм «Диалог» клуб илъэсит хъуауэ щолажьэ. Абы СССР-м и цlыхухэу къалащхьэм зэпымыууэ дэсхэр къызэщlеубыдэ. Клубым культурнэ лажьыгъэщхуэ иregъэкlуэкl — 20—30-нэ гъэхэм СССР-м икlыжахэм ятеухуа материалхэр зэхуэхьэс. ГДР-м и культурэм и лажьакlуэхэу ди къэралым и тхыдэм быдэу пыщlахэм яlоущlэ.

Дауи, социалистическэ къэралхэм Іэпхъуа советскэ цlыхухэр зэщхькъым. Абыхэм пщlэ хуащlыну зыхуэмыфащэхэри ятэтщ. Ауэ ахэркъым дызытепсалъыхьыр. Зи гугъу тщlыр щхьэусыгъуэ яlэу Іэпхъуахэрщ, ди Хэкум пэlэщlэ зэрыхъуар къызэхъулъэкlэрщ. Иджыри зэ жызоlэри, абыхэм фэрэ дэрэ тlыгъым хуэдэ советскэ паспортхэр яlэщ. Ахэр «етlуанэ сорт» советскэ цlыхухэу къалъытэн хуейуэ къэзыгъэуэ законэкlуэркъым.

ОСИНСКИЙ Игорь,
ТАСС-м и корр.
Дрезден—Берлин.

КЪАЛЪХУМ ХОЩl

ТОКИО. Японием сабийуэ къыщалъхуам кlуэ пэтми хощl. Ар къэралым и экономическэ къарум зэран хуэхъунущ. Апхуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ Японием узынщагъэр хъумэнымрэ унагъуэ Іуэхутхьэбзэ щlэнымкlэ и министерствэм игъэхьэзыра документым. Абы зэритымкlэ, японскэ унагъуэхэр нэхъ мащlэ мэхъу. Абы и зэранкlэ лэжьакlуэхэм я бжыгъэм хэщlынущ.

1973 гъэм Японием сабий мелуани 2,9-рэ къыщалъхуамэ, нэгъабэ а бжыгъэр зэрыхъужар мелуан 1,2-рэщ. Японскэ островым щыпсэу унагъуэхэм зыхуейм елъытауэ сабийуэ яlэр нэхъ мащlэщ. Ар къызыхэкlыр ахъщэкlэ, псаупlэкlэ гугъу зэрехьырщ. Цlыхубэхэм ящыщ нэгъабэ мазэ зытеухуауэ щытынур убзыхащ. Абы и зэманыр апхуэдэу зэзыгэхэхуэр Фойгт илъэс 35-рэ и ныбжьу 1978 гъэм бундестагым (парламентым) и депутат хъуащ. Гамбург, Копенгаген, Майн Іус Франкфурт дэт университетхэм щыщlэсам, абы Скандинавием и тхыдэр, германистикэр иджащ. Ар илъэс 21-рэ зэрыхъурэ СДПГ-м хэтщ. «Іэщlагъэлl ныбжьыщlэхэр» щlалагъуалэ организацэм и Іэтащхьэу илъэсищкlэ щытащ. Іэщlагъэлl ныбжьыщlахэм я международнэ объединенэм и вице-президенту лажьащ.

«Парламентым хэт ар щыдджыкьым Іуэхукlэ щlыхухэм яlоущlэ, газетхэм ёоплъ, къыlэрыхьа письмохэм, телеграммэхэм я парт гупхэм щхьэхуэхэм я парт гупхэм яlоущlэ. Ахэр зафlигъэкlых хуей къалэнхэм зэгуэрсу тоосалъхьэ. Къыlэрыхьа письмохэм жэуапхэр ярихьэжын щхьэкlэ абы Іэщlэтхэлlэр, франциз и референтхэр зэригъэлъэгъуащ. Парламентым хэтхэм ящыщ дэтхэнэми илъэсым письмо 900 — 1.000-м жэуап ирет.

Депутатым мазэ къэс ират маркэ мини 10-м налогыу процент 25-м къыщыщlэдзауэ 40-м нэс хокl (и уварегъуэм щlыхуу исым тещlыхьауэ). Ар и Іэщlатэмкlэ лажьэ хъунущ. Абы къэзылым илъэсым къызэрыщикlухьыну гъущl гъуэгу билет ират, гъуэгупщlэ имыту кхъухлъатэкlэ, къалэ транспортымкlэ къекlуэкlыу.

КАЛИНЦЕВ Николай,
ТАСС-м и корр.
Бонн.

ЗЕКIУЭ И ВАКЪЭ ЛАЖЬЭРКЪЫМ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ напэм).

гъэ нэхъ гугъуехэм ящымщу. Аращ усакIуэ куэдым а щапхъэм зыщIрамыпщытар. Iэдэм ар къехъулIащ Тхылъхэм ярыт поэмэхэр: «ЛIыхъужьыгъэ», «Бгыщхьэ мафIэ», «Шагъдийм и уэрэд», «Гухэлъ уэрэд», «Псыпхыр жэщIкIэ, хыр кIуэщIыкIыкъым». Гупсысэ жанк э гъэнщIащ, ди зэманым теухуа гъащIэ хуэIухуэщIэхэри, гуащIэдэкI жумартыгъэри, цIыху зэхущытыкIэ лъагэхэри нэрылъагъуу уи фIэщ хъууэ усэбзэ къабзэкIэ къэIуэтауэ.

Тхылъыщым и пэщIэдзэ усэхэм—цэщI, пIыщI гъэхэм Iэдэм итха усэхэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъащ. А усэхэм къаIэт, акъылыфIэуи зэпкърах ди лъэпкъ усыгъэр а зэманым зыхунэмыса темэ зэмылIужьыгъуэхэр. Апхуэдэщ ди гъащIэм зэраныгъэщхэ кIыщцызыхьу щыта лъыщIэж хабзэжьыр. («Лъы фIыщIэ»). цIыхухэр бзаджэнаджагъэкIэ ягъэщынэу зэрыщыта хабзэжьыр («Шынагъуэ»), гъащIэщIам и фIыгъэкIэ техникэм хуача лъэбакъуэ (ЩIэр текIуащ», «Апэ маф.эгу», «КъарууцIэ», «ЩIэ»). Ленинскэ еджапIэ цIыкIум и курсантхэм я гъащIэмрэ я лажьыгъэмрэ («Пхъэхэх», «Культпоход») усэхэр. Жьыр икIуэту щIэр зэрытекIуэм. Совет псэукIэщIэм и апэ лъэбакъуэхэр зыхуэдэм, цIыху гупсысэмрэ гъащIэ еплъыкIэмрэ зэрызахуэзык щIыкIэхэм ухэзыгъаплъэ усэ IэрамэфI итхащ Iэдэм а зэманым («Гурыщ1э нэху», «Гухэщ1», «Зэкъуэт къару», «Нэхуу, хуабэу», къинэмыщIхэри).

Iэдэм и прозэм ещанэ тхылъыр зэрыщыту еубыд. Абыхэм щыщщ «Софят и гъатхэ», «Уэлбанэ дыгъэ» повестхэр. «Бжьыхьэ дыгъэл», «Мэгъагъэ уи хадэр», «Къурш псынэ», «Мылъкуадэ», «Мыужьых мафIэ» рассказхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым. ТхакIуэм псэху жыхуэпIэр ищIэркъым — Iэщыхъуэхэми, губгъуэм итлажьэкIуэхэми, едакIуэхэм я деж нос, заводкэм кIыщопсалъэ, фабрикэхэм и гупсысэхэр щеIуатэ. Аращ абы «Софят и гъатхэ» и повестыр ди зэманым кIыщIэсар шитха гъэхэм ядэмыкIуэдыжу. 1954 гъэм дунейм къытехьа а повестыр цIыхубэм занщIэу яп-хъуатэ, абы хэт лIыхъужьхэр щIалэгъуалэм щапхъэ яхуохъу. А повестыр апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, ди гъунэгъу лъэпкъхэм зэрадзэкI, къэрал гъунапкъэм йокIри бзэ куэдкIэ традза. Абы къикIыркъым повестыр сюжет ямылейкIэ Iэдэм иухуауэ. Повестым къару къызэрыбзэжу хилъхьащ бзылъхугъэ цIыкIу кIызэрыгуэкIыр лIыгъэкIэ, IуэхукIэ, цIыхухъум зэрыпэжамыр. Софят сыткIэ Мылашын етIуанэ.

«Уэлбанэ дыгъэ» рассказым Iэдэм къыщегъэлъагъуэ зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхумрэ гъащIэм къыхихьэ сабиймрэ я зэхущытыкIэр. Мазан дадэ и къуэрылъху Залым гъащIэм хурегъаджэ: лэжьыгъэм хуегъэзыр, цIыхугъэм хуеущий. Повестым и лIыхъужь нэхъыщхьэр Залыми, Мэзани къакIэрыхуркъым. А лIыжьым и образыр гъэщIэгъуэн хъуащ сыт и лъэныкъуэкIи. Революцэм и пэкIэ Мэзан лэжьыгъэм, цIыхугъэм зыщидзелкъым и ужькIи гъэщIэщIэ ухуэным гурэ псэкIэ бгъэдэтащ. И къуэрылъху Залым гъащIэм хуригъаджэурэ, зэгуэрым Мэзан дадэ къыгуроIуэк игъафIэкIэрэ Залым зэригъэсэхъуар...

Щоджэнцыкlу Iэдэм зэгуэр егъаджакIуэу зэрыщытар, дауи, мыбдежым сэбэпышхуэ къыщыхъуащ, гъэсакIуэ хьэл повестым хильхьэн щхьэкIэ. Повестым къегъэлъагъуэ щIэблэм и гъэсэныгъэм гулъытэ хуэщIын зэрыхуейр, езы щIэблэри цIыху гъащIэгъуэн куэду зэхэту обществэм къызэрыхихьар.

Iэдэм и рассказхэм япэ иригъэуващ «Бжьыхьэ дыгъэлыр». Автобус станцырщ. Щхьэгъубжэм бгъэдэтщ бзылъхугъэ зэкIуж. Бжьыхьэ нэщхъей, щIалэ лъагэ гуэр, хьэкIэкхъуэкIэ сурэт зытет и джанэбгъэр укъарэ и цыткIэмкIи, и зыщIыкIэмкIи зэрыщыкIар бэ1ну. А псори дэ долъагъу рассказым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Къамбот и нэмкIэ. ЩIалэ лъагэм зыкъызэкъуехри зрепщыт щхьэгъубжэм кIэрыт цIыхубзым. Абы щIалэм и нэкIур хущIехулыкI. ЩIалэр и щыгъыным хуэфэщэжт...

Удихьэхыу уоджэ и кIэм нэс. Зэпымыууэ ухуоплащIэ—адэкIэ сыт къэхъунур?! Iэдэм и рассказхэми и повестхэми гъэщIэгъуэну щызэхеуухуэнэф цIыхум и щытыкIэмрэ дуней щытыкIэмрэ.

«Мэгъагъэ уи хадэр» рассказым къеIуатэ цIыхум и псэр нIейтейуэ, и анэм деж сыт щыгъуи зэрыпабгъэр, абы и гурыщIэ IэфIхэр. Зыхуэмыщlащэурэ, рассказым укъызэщIеIэтэ, сабиигъуэ-щIалэгъуэм ухещэж, анэмрэ бынымрэ яку дэлъ IэфIыгъэр нэрылъагъу къещI. «Гъащlэ зиIэм пIалъэ зэриIэр»! хьэкъыу гум пхегъэкI Чэмал щIалэм и анэ илъэсищэ хъуам и дуней ехыжыкIэмкIэ. Зы сурэт закъуэм дуней псоуи нэгу щIегъэкI.

«Къурш псынэ» рассказым къыщыгъэлъэгъуащ ди щIым и къару, и хъуреягъуэфIыгъуэ мыкIуэщIыр хъумэн зэрыхуейр. Псынэр образу къещтэ тхакIуэми, цIыхум и псэм топсэлъыхь. Языныкъуэхэм я гъащIэр щхьэхуэфIыгъэ къудейм зэрытращIыхьыр къегъэлъагъуэ. Апхуэдэр насыпифIэ зэрымыхъур гурыIуэгъуэ тщещI.

Iэдэм гумрэ псэмрэ щыщIэ псэр и рассказ куэдым Iэзэу къыщегъэлъагъуэ. Апсэкlуэныр ефIэкIуэныр епхащ ди тхакIуэ гуащIафIэхэм я Iэдакъэкlэщlэкlхэм я мыхьэнэр ди тхылъеджэхэм я пащхьэм къыщыIэтыныр. Абы кIэ сэбэпышхуэ хъунущ литературэ пщыхьэщхьэмрэ тхылъеджэ зэIущIэхэмрэ къуажэ, къалэ клубхэм, библиотекэхэм щегъэкIуэкIыныр. Псоми хуэмыдэжу тлъытэн, пщIэ яхуэтщIын хуейщ ди гъуэгугъэлъагъуэхэм. Ахэрщи ди нобэрей литературэр зыунэтIыр.

ТХЬАЗАПЛЪ Хъасэн.

ГЪУЭГУАНЭ ТХЫГЪЭ

Сирием щыIэ адыгэ хасэм

Кавказым икIахэу Сирием щопсэу адыгэхэу, балъкъэрхэу, шэшэнхэу, нэгъуэщI лъэпкъхэу мин 60-м щIигъу. Кавказым икIа псоми шэрджэскIэ къоджэ. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэщ. Адыгэхэр къэралым и къалащхьэ Дамаск нэмыщI нэгъуэщI жылагъуэхэми дэсщ, адыгэ къуажэ пщыкIущ хуэдизи щыIэщ.

Адыгэхэр иужь итщ я бзэр, хабзэр, культурэр зэрахъумэжыным, я тхыдэр зэраджыным, нэмыс, хьэл-щэн дахэ яхэлъу дунейм зэрытетыным. А псомкIи щIэгъэкъуэныщхуэ мэхъу Сирием къыщыIэзэрагъэпэща адыгэ хасэр. Ар тхыдэ зиIэ, цIэрыIуэ хъуа, зэфIэкIышхуэ къэзыгъэлъагъуэ организацэщ. Пэжщ, гугъуехь куэд пылъащ абы и къызэгъэпэщыным. Ауэ Iуэхум ерыщу иужь ита адыгэлI хахуэхэм яхуэзэфIэкIащ хасэр къызэгъэпэщыным и мызакъуэу, ар гъуэгушхуэ трагъэувэни, абы и лажьыгъэр тэмэму зэфIэгъэувэни.

Адыгэ хасэм и унафэщIщ Сирием щыщIэрыIуэ дохутырышхуэ Абазэ Шариф. Икъукlэ гъэщIэгъуэну къекIуэкIащ абы и гъащIэр. Зыми и гутъакъым укIкIэ зи суд ящIауэ щыта адыгэлIыр ажал фIыщIэм къелыну, адыгэхэм я гъуэгугъэлъагъуэу увыну. Сэ сыхуейт япэ щIыкIэ абы лIыгъэу хэлъамрэ гугъуехьу телъамрэ кIэщIу сыкъетыувыIэну.

Абазэ Шариф Къунетрэ районым хыхьэ Мамси къуажэм 1940 гъэм къыщалъхуащ. Ар щыщIыкIум куэдрэ щIэдэIурт и адэшхуэм адыгэхэм ятеухуауэ къиIуэтэжхэм. Адыгэлъ зыщIэт щIалэ цIыкIум и гум пасэу къыщыушащ къызыхэкIа лъэпкъым хуэпэжыныр, абы ифI зэрихуэу и гъащIэр иухыху дунейм зэрытетыныр. Гурэ псэкIэ зрет адыгэбзэр, хабзэхэр, культурэр, тхыдэр фIыуэ зэгъэщIэным, ахэр хъумэным къарууэ иIэр ирехьэлIэ.

ЕпщыкIуэанэ классым щIэс Шарифрэ нэгъуэщI зы адыгэ щIалэрэ адыгабзэкIэ зэпсалъэу егъэджакIуэм кълъагъу.

— Сытыбзэ а фызэрыпсалъэр? — губжьауэ щIоупщIэ егъэджакIуэр.

— Къыддалъхуа ди адыгабзэщ, — итыжащ Шариф жэуап.

— НтIэ ар зыщывгъэгъупщэт! Адыгабзэкlэ фыпсэлъэну фыхуимыту унафэ быдэ фхузощI.

Абазэм ар игу техуакъым. ЗызыгъэткIийуэ къэува егъэджакIуэр щыхуимыгъакIуэтым, епщэфыIащ. Ар щхьэусыгъуэ ящIри Шариф еджапIэм къыщIадыжащ. Ауэ адыгэ щIалэ ерыщыр къикIуэтакъым, ахъшэ щIитурэ щхьэзакъуэ еджапIэр кънухащ.

Шариф щеджэ зэманым и къуэш нэхъыжь Мамдухь и адэжь щIыналъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIууэ щытащ. Абы Налшык иришри адыгэ тхылъ куэд здишат. Абыхэм яхэтт усэхэр, рассказхэр щызэхуэхьэса сборникхэр, романхэр, повестхэр, адыгабзэ учебникхэр. Шариф ахэр щIеджыкI, адрей адыгэхэри щыгъуазэ ещI икIи быдэу игу ирелъхьэ и гъащIэ псор адыгэ Iуэхум хуигъэпсыну.

Курыт еджапIэр кънуха нэужь Абазэр щIотIысхьэ Стамбул дэт университетым и медицинскэ факультетым. Шариф мы еджапIэм щIэс адыгэхэр зэхуешэс, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым топсэлъыхь, ахэр мыбы ираха тхылъхэм щыгъуазэ ещI. Абы адыгэхэм я хуитыныгъэм щIэбэныр гуп къызэрегъэпэщ. Ауэ адыгэхэр дэкъузауэ щаIыгъ Тыркум ар къыщыхуадэнт? Шариф еджэныр кънухыным мазих фIэкIа къыхуэмынэжауэ университетым къыщIадзыжри, судым ират.

Ауэ мыбдежми щыпыщхьэмыгъазэщ адыгэ щIалэр. Шариф и ныбжьагъу уэчылхэм ар кърагъэлын папщIэ лъэIушхуэ ятх напэкIуэцI 48-рэ хъууэ. Абы итт Абазэр щыуауэ, дяпэкIэ зэрыадыгэри жимыIэжыну, ищIахэми хущIегъуэжа хуэдэу. Ауэ Абазэм ар идакъым: «Сэ сыадыгэщ, сызэрыадыгэри сыбзыщIынукъым, сыпсэухуи адыгэ Iуэху зесхуэнущ. Сэ си гупсысэм сыкъыпыазыгъэкIыфынур ажалым и закъуэщ», — жиIащ абы.

УкIкIэ и суд ящIа нэужьи и щхьэр ирихьэкакъым адыгэ щIалэм. Къыхуагъэзъуну елъэIуныр пщIыхьэпIэу игу къэкIыркъым. Абы и деж лъагъунлъагъу кIуа и щхьэгъусэм илъэгъуащ и лIым бэлыхьу телъыр зыхуэдизыр, щхьэпылъэр къызэрыпэплъэр.

Зи гур и щхьэгъусэм папщIэ икъутыхьа щIыхубзым Сирием игъэзэжри президент Хьэфиз Асад и деж лъэIуакIуэ кIуащ и лIыр къегъэлынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуну. ЩIыхубзым жиIахэм президентыр ямыгъэдзыхэу къэнакъым. Абы унафэ ищIащ. Тыркум щалъхуауэ Сирием щагъэтIысахэм ящыщу тIу нратыжу, Абазэр къыIахыжыну.

Шариф Дамаск игъэзэжащ, бэнэныгъэм пищэжащ, унагъуэ хъуэпсэгъуэ иIэу Сирием и къалащхьэм щопсэу, езыр дохутырышхуэщ, адыгэ хасэм и тхьэмадэщ. Абы и къуэдзэхэщ Цей Хьэсэн, Дыгъужь Хьэднан, Бейбас Лъапсэрыкъуэ, Уджыхъу Iэдиб, Джэтауэ Мэруан, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори хэхыныгъэхэм щытекIуэри хасэм и тепщэ хъуащ.

Абыхэм я фIыщIэкIэ адыгэ хасэм и лэжьыгъэр тэмэму унэтIа хъуащ. Мылъку яб-гъэдэлъу, ар адыгахэм я зэIузэпэщыгъэр къызэгъэпэщыным хуиунэтIу, зэфIэкI иIэу и Iуэху докI.

Хасэм хэтхэм мазэ къэс лири 5 мынэхъ мащIэ ят. Ауэ нэхъыбэ абы и кассэм изылъхьи щыIэщ. Къапщтэмэ, хуэщIауэ псэу Лютфи Камал лъэпкъкIэ хьэрыпщ. Ауэ адыгэхэм пщIэшхуэ къахуэщI. Абы адыгэ хасэм лир мин 250-рэ кърита щ. Ауэ абдежым щыщигъэтакъым, илъэс къэс иджыри лир мин 26-рэ тыгъэ хасэм хуещI. Апхуэдэу адыгэми нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIхэми хасэм щIэгъэкъуэн хуэхъухэр мащIэкъым.

Дауэ кънгъэсэбэпрэ адыгэ хасэм и мылъкур? Псом япэу ар хуэмыщIахэм ядоIэпыкъу. Къапщтэмэ, бын куэд зиIэхэм, зеиншэхэм папщIэ илъэс къэс лир мин 70-м нэс хех. Абы и мызакъуэу къулейсызыгъэ зылъысахэми щIэгъэкъуэн хуэмыхъуу къанэркъым. Хасэм и дэIапыкъуныгъэкIэ адыгэ щIалэ, хъыджэбз куэдым щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ.

Адыгэ хасэм нэгъуэщI Iуэхугъуэфl куэди зэфIегъэкI. Къапштэмэ, абы и жэрдэмрэ и мылъкукIэ Дамаск пэмыжыжьэу щылэ Маджсулътан щIыпIэм жылагъуэ цIыкIу щагъэтIысащ. Абы нэхъыбэу щыпсэур жьы хъуахэмрэ хуэмыщIа унагъуэшхуэхэмрэщ. Хасэм мы гъэм ухуэн щIидзэнущ сымаджэщышхуэ. Абы адыгэхэм пщIэнщIэу щеIэзэнущ. Ар щаухуэну щIыпIэр езы хасэр щызэхуэсым пэмыжыжьэу къыщащэхуащ. Сымаджэщыр ухуэн яуха нэужь абы адыгэ дохутыри 122-рэ щылажьэнущ. Ахэр США-м, Францием, СССР-м щрагъаджэ.

Израильр Сирием къыщыгъуэам щыгъуи адыгэхэр лъэныкъуэкIэ щытакъым.

Адыгэ хасэм и къарум кIуэ пэтми хохъуэ, и инагъкIи и лъэщагъкIи зеукъуэдий. Хасащхьэм комитетибл иIэщ. Ахэр псори Iуэхугъуэ зырызыххэ йолажь. ИщхьэмкIэ зи гугъу тщIахэм нэмыщI нэгъуэщI лэжьыгъэшхуи зэфIагъэкI абыхэм хэтхэм. ИкъукIэ гулъытэшхуэ хуащI адыгэ хабзэхэр, культурэр, бзэр хъумэным, тхыдэр джыным, цIыху нэхъыбэ спортым къыхэшэным. Псом хуэмыдэу мы зэманым адыгабзэр хэкъуэгуэ инми цIыкIуми ядж. Абы мэрем къэс сыхьэтищ щхьэхуэу хухах.

Хасэм журнал гъэщIэгъуэн къыдегъэкI. «Адыгэ культурэм щыхьыбархэр» — аращ абы зэредижр. Ар къыдэгъэкIыным жыджэру хозэжьыхь тхакIуэхэу Къумыкъу Мамдухь, Хьэжан Умар, Бысам Лъапсэрыкъу, нэгъуэщIхэри. Генерал Уджыхъу Бэдрдин и лажьыгъэр нэхъыбэу зыхунагъэпсыр адыгэ Iуэрыlуатэр зэхуэхьэсыныр, ар джынырщ, журналым къытеггьэдзэнырщ.

Хасэм и къудамэхэр иджы къыщыдэкащ Дамаск и мызакъуэу нэгъуэщI щIыпIэхэми. Нэхъ ин зиIэм ящыщщ Хьэлэп щIыпIэм къыщызэIуахар. Абы «Псыщхьэ» фIащащ. Холмс щылажьэ хасэм и ныбжьыр илъэс пщыкIущым нэсащ. КIэщIу жыпIэмэ, адыгэ хасэм лъабжьэфI ищIауэ иджы и къудамэхэм заужъуэдий.

Абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн яхуохъу зыгуэр зыхуэзэфIэкIыу мыбы щыпсэу адыгэхэр. Уэзрыгушхуэ хъун куэд яхэтщ а ди хэкуэгъуэхэм. Апхуэдэхэщ еджагъэшхуэхэу Бэтырокуэ Нияз, Дыгъужь Фуlэд, нэгъуэщIхэри. Нияз и доктор диссертацэр Францием щитхащ. Икъукlэ гъэщIэгъуэнщ Фуlэд и доктор диссертацэр зытеухуар. Абы адыгэ мамлюкхэм ятеухуауэ куэд къипщытэжащ, зэхуэхьэсыжащ икIи аращ и диссертацэм лъабжьэ хунщIар. А еджагъэшхуитIым я къэлэмыпэм къыщIэкIа куэд «Адыгэ культурэм щыхьыбархэр» журналым тратэщ.

Адыгэ хасэм цIыху 40 хэту къэфакIуэ ансамбль иIэщ. Абы и унафэщIщ Налшык къэкIуэу «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым зыщIэзыгъэса Шариф Индрис. Ар зэфIэкI зиIэ щIалэщ, адыгэ къафэхэм хъарзынэу щыгъуазэщ.

Сэри сыщыIащ хасэм и зэIущIэм. Пэш зэлъыIухахэм ди хэкум щытраса сурэтхэр, адыгэ псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ Iэмэпсымэхэр фIэтыщ, Налшык, Мейкъуапэ, Черкесск адыгабзэкIэ къыщыдэкIа тхылъхэр щIэлъщ. Мыбы ущрихьэлIэнущ адыгэ журналхэми, газетхэми. Шахмат, шашкэ щыджэгу, тхылъ щеджэ, зыщагъэпсэху пэшхэр хэтщ. КъекIуэлIэ псори нэмысыфIэщ, культурэ лъагэ, хьэл-щэн дахэ къэзыгъэлъагъуэ щIыхухэщ. Щыпсалъэкlи ахэр лей хэмыту Iуэху пыухыкIа топсэлъыхь, унафэ къащтэхэри пыухыкIащ, абы яхуэмыгъэзэщIэн хагъэхьэркъым.

Хасэм и зэIущIэм сэри псалъэ къыщызатащ. Абы кърихьэлIахэр яфIэгъэщIэгъуэну едIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и культурэм зэрыпэжыжьым, абы иIэ ехъулIэныгъэхэм ятеухуауэ яхэзгъэIуэтахэм. Сэ къызгурыIуащ дэ ди Iуэхур нэхъыфI хъужу, нэхърэ ефIэкIуэну а ди хэкуэгъуэхэм я щхьэр нэхъ лъагэу зэралъагъужыр.

БЕТЫГЪУЭН Iуес.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

ТВ

Апрелым и 4

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — мультфильм. 9.05 — «Къебла-гъэ, музыкэ». 10.05—«Горьким словом моим посмеются...». Документальнэ фильм. Япэ, 12.30 — Эзо-

Еджэхэм я етIуанэ илъэс. 10.35, 11.35 — музыкэ. 5-нэ класс. 11.05 — «Мамэ, шэпэ, сэ». 12.05 — «Экраным и мастерхэр». Тарковский А. Япэ Iыхьэ. 13.20 — концерт. 14.05 — етIуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Первые радости». Художественнэ фильм. Япэ серие. 17.00 — мультфильм. 17.25—«Узым текIуэн». 20.55 — «Экраным и мастерхэр». Тарковскэр А. ЕтI-

адэ», «Мыужьых мафIэ» расказхэр, нэгъуэщIхэри.

Зекlуэ и ракъэ лажьэркъым. ТхакIуэм псэку жьхуэпIэр ищIэркъым — Iэщыхъуэхэми, еджакIуэхэм я деж нос, заводхэм къыщопсалъэ, фабрикэхэм и гупсысэхэр щеIуатэ. Арац абы «Софят и гъатхэ» и повестыр ди зэманым къыщIэсар щитха гъэхэм ядэмыкIуэдыжу. 1954 гъэм дунейм къытехьа а повестыр цIыхубэм защIэу яхъуатэ, абы хэт лIыхъужьхэр щIалэгъуалэм щапхъэ яхуохъу. А повестыр апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, ди гъуэгуу лъапкъэм зэрадэкI, къэрал гъунапкъэм йокIри, бзэ куэдкIэ традэ. Абы къикIыркъым повестыр сюжет ямылейкIэ Iэдэм иухуауэ. Повестым къару къызэрыблэжу хилъхьащ бзылъхугъэ цIыкIу къызэрыгуэкIыр лIыгъэкIэ, Iуэхукlэ, цIыхухъум зэрылэужьыр. Софят сыткIэ Мылашын етIуанэ!

«Уэлбанэ дыгъэ» повесадэ, «Мыужьых мафIэ» расказхэр, нэгъуэщIхэри.

Зекlуэ и ракъэ лажьэркъым. ТхакIуэм псэку жьхуэпIэр ищIэркъым — Iэщыхъуэхэми, губгъуэм иг лэжьакIуэхэми, еджакIуэхэм я деж нос, заводхэм къыщопсалъэ, фабрикэхэм и гупсысэхэр щеIуатэ. Арац абы «Софят и гъатхэ» и повестыр ди зэманым къыщIэсар щитха гъэхэм ядэмыкIуэдыжу. 1954 гъэм дунейм къытехьа а повестыр цIыхубэм защIэу яхъуатэ, абы хэт лIыхъужьхэр щIалэгъуалэм щапхъэ яхуохъу. А повестыр апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, ди гъуэгуу лъапкъэм зэрадэкI, къэрал гъунапкъэм йокIри, бзэ куэдкIэ традэ. Абы къикIыркъым повестыр сюжет ямылейкIэ Iэдэм иухуауэ. Повестым къару къызэрыблэжу хилъхьащ бзылъхугъэ цIыкIу къызэрыгуэкIыр лIыгъэкIэ, Iуэхукlэ, цIыхухъум зэрылэужьыр. Софят сыткIэ Мылашын етIуанэ!

«Уэлбанэ дыгъэ» повес-

и псэр нIейгейуэ, и анэм деж сыт щыгъуи зэрыпабгэр, абы и гурыщIэ IэфIхэр. Зыхуэмыщlащэрэ, расказым укъызэщIеIэтэ, сабийгъуэ-щIалэгъуэм ухешэж, анэмрэ бынымрэ яку дэлъ Iэфыгъэр нэрылъагъу къещI. «Гъащlэ зиIэм пIалъэ зэриIэр»! хьэкъуу гум пкегъэкI Чэмал щIалэм и анэ илъэсищэ хъуам и дуней ехыжкыкIэмкIэ. Зы сурэт закъуэм дуней псоуи нэгу щIегъэкI.

«Къурш псынэ» рассказым къыщыгъэлъэгъуащ ди щIым и къару, и хъугъуэфIыгъуэ мыкIуэщIыр хъумэн зэрыхуейр. Псынэр образу къещтэ тхакIуэмн, щIыхум и псэм топсэлъыхь. Языныкъуэхэм я гъащIэр щхьэхуэфIыгъэ къудейм зэрытращIыхьыр къегъэлъагъуэ. Апхуэдэр зэрымыхъур гурыIуэгъуэ тщещI.

Iэдэм гумрэ псэмрэ щыщIэ псор и рассказ куэдым Iэдэу къыщегъэлъагъуэ. Апхуэдэщ «Мылъхуадэ» расдэм куэд къыхыхьакъым зы тхакIуэм и тхыгъэхэр тхыль зыбжанэм щызэхуэхьэсауэ къыдэкIыныр. Апхуэдэр литературэр зыгъэбатэ, зыгъэлъагэ, зэрыгушхуапхъэ Iуэхугъуэщ. Кавказ Нцхъэрэ псом апхуэдэу зи тхыгъэхэр къыдэкIыну зыхуагъэфэщар Гамзатов Расул, Кугультинов Давид, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Щоджэнцыкlу Iэдэм сымэщ.

Ди лъэпкъ литературэр ефIэкIуэныр епхащ ди тхакIуэ гуащIафIэхэм я Iэдакъэкlэщlэкlхэм я мыхьэнэр ди тхыльеджэхэм я пащхьэм къыщыIэтыныр. Абыкlэ сэбэпышхуэ хъунущ литературэ пщыхьэщхьэмрэ тхылъеджэ зэIущIэхэмрэ къуажэ, къалэ клубхэм, библиотекэхэм щегъэкIуэкIыныр. Псоми хуэмыдэжу тлъытэн, щIэ яхуэтщIын хуейщ ди гъуэгугъэлъагъуэхэм. Ахэрщ ди нобэрей литературэр зыунэтIыр.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн,
усакIуэ.

Лизэ нэмысу хэлъыр щалъхуа унагъуэм щызыхилъхьауэ къыщIэкIынщ. Ар езыр мыщIалэ дыдэми, къэтэджкэ зыгуэр игъэтIысу Iэджэрэ автобусым сыщрихьэлIащ.

Нажмудин блок заводым и директорщ. ЗыкъызыфlэщIыжыну цIыхухэм зы тIэкIунитIэри щхьэусыгъуэ яхуохъу. Нажмудин пагагъ, дыджагъ зыхэмылъ цIыхущ. Сэлам къыдимыхыу зэи дблэкIыркъым.

Нажмудинрэ Лизэрэ я бын цIыкIуищым хуэдэр зырызщ жыпIэми, ущыуэнкъым. Гъэсэныгъэфl яхэлъу къохъей. Укъалъагъуамэ, лIышхуэм хуэдэу адыгэ сэламри къуахри, хьэлъэ пIыгъми къыпIах. Уи фэтэрым нэс ныпхуамыхьуи ядэркъым.

Апхуэдэщ си гъунэгъуитIыр, сыщытхъуу езгъэлея дэнэ къэна, схужымыIэу куэд къэнащ.

Сэ «Ленин гъуэгу» газетым сыт щыгъуи соджэ. Фермэм сыщытесым жэщыр хэкIуэтауэт сыкъыщыкIуэжыр, ауэ а газетыр щIэзмыджыкIауэ сыгъуэлъыртэкъым. Абы къытохуэ «ЦIыхумрэ цIыхугъэмрэ» теухуа тхыгъэ куэд. Сыволъэlу къывэмыхьэлъэкIыу си гъунэгъуитIым щхьэкIэ жысIа псалъэ гуапэхэр къыхутевдэну.

КIЭБЫШIЭ Iэсят.
Налшык къалэ.

СУРЭТЫМ: Тэрч районым щыIэ Опытнэ поселкэм и Iуэхутхьэбзэщlапlэм и дакIуэ пашэхэу Шынтыкъу Ритэрэ Дэцыркъуей Маритэрэщ. Абыхэм яд, зэрагъэпэщыж цIыхухъу, цIыхубз щыгъынхэр. Ритэрэ Маритэрэ я Iэщlагъэм фIыуэ хащIыкI, цIыхухэр арэзы зэращIыным хущIэкъуу мэлажьэ.

Тезыхар СУАНОВ Михаилщ.

● ДЭ КЪЫТХУАТХ

Си гъунэгъухэр

Игъащlэм адыгэхэр къогъуэгурыкIуэ гъунэгъур зыхуэдэм мыхьэнэшхуэ ирату. Унэ къэпщэхухумэ, япэ щIыкIэ гъунэгъур зыхуэдэр къащIэ, жаIэ. Ди япэ итахэм губзыгъагъуэ къагъэнам ари щыщщ.

Гъунэгъур апхуэдизу адыгэхэм щIэдгъэхьэкъым куэд халъщ, а псор сэ къэслуэтэнкъым, ар хэти ещIэ, ауэ мы зыр къыкыслэнщи, сыт хуэдэ Iуэху унимIами, япэу уэзгалIэри, къэбгъуэтри гъунэгъурщ.

Сэ Налшык сыщопсэу. Жэмышу фермэми куэдрэ сытесащ, си Iэнатlэри мыIейуэ есхьэкIащ. Ауэ сэ зи гугъу сщIыну сызыхуейр гъунэгъурщ. Абыкlэ гъащIэр къысхуэупсауэ фIэкIа сщIэркъым. Тхуэ зэтет унэм дыщIэсщи, си гъунэгъухэр псори хъарзынэщ. Ауэ а хъарзынэхэм нэхърэ нэхъыфIыжу гъунэгъуитI я гугъу сщIыну сыхуейт. Зыр Уэрэзей Мадинэ Долэтджэрий и пхъумрэ, абы и щхьэгъусэ Сафудинрэщ. Мадинэ дохутырщ. Хэт зыгуэр къеузми, хэт и сабий сымаджэ хъуами, хущхъуэ хуейми—псом щыгъуи Мадинэщ. Дэтхэнэ цIыхуми и Iыхьлы гъунэгъу дыдэм хуэдэу хущытыфщ. Сыт зэманми, ар жэщыбгъуи щрети, къэкIуэнурэ уи сымаджэм еплъынущ а дохутыр гъуэзэджэр, цIыхугъэ ин зыхэлъыр. Сыт и лъэныкъуэкIи апхуэдэщ Мадинэ. Сафудинщэ? Ар ухуакIуэ - инженерщ. Хабзэ, нэмыс зыхэлъ адыгэлIщ. ФIагъкIи, цIыхугъэкIи и щхьэгъусэм къыкIэрыхуркъым.

«АтIэ апхуэдэ зэщхьэгъусэ хъарзынэтIым я бынхэр дауэ щыт?» — жиIэу зыгуэрым игу къэкIынкIэ хъунщ. Зы щIалэ цIыкIурэ зы хъыджэбз цIыкIурэ яIэщи тIури щэныфIэщ. Сабийхэм я бзэр тэмэму ящIэу къэхъеин папщIэ адэ-анэр абыхэм зэи урысыбзэкIэ япсалъэркъым, адыгабзэ зэрырагъэщIэным нужь итхэщ. Мы цIыкIуитIыр зэи плъагъунукъым зауэу, псалъэ фейцей жаIэу зэхэпхынукъым. Гъэсэныгъэ тэмэм ягъуэту сабийхэр къохъей.

Етlуанэ гъунэгъур Унэжокъуэхэ Лизэрэ Нажмудинрэщ. ЦIыхубзыр илъэс 11 хъуауэ Кэнжэ курыт еджапIэм егъэджакIуэу щолажьэ. Ар нэмыс зыхэлъ цIыхубз Iэдэбщ. Нэхъыжьми нэхъыщIэми пщIэ, гулъытэ яхуещI. Псэ хьэлэлщ, лъэкIыр цIыхум яхуищIэнущ. Сэ абы зыгуэрым жриIэу зэхэсхащ мыпхуэдэу: — «Егъэджакlуэ IэщIагъэм фIэкIа нэгъуэщIым сримылэжьэфыну къыщIысщыхъум щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр си еджакIуэ цIыкIухэм сабгъэдыхьэу я щхьэфэм Iэ дэзмылъэу сыпсэуфыну си фIэщ хъуркъыми араш».

Лизэ нэмысу хэлъыр щалъхуа унагъуэм щызыхилъхьауэ къыщIэкIынщ. Ар езыр мыщIалэ дыдэми, къэтэджкэ зыгуэр игъэтIысу Iэджэрэ автобусым сыщрихьэлIащ.

Нажмудин блок заводым и директорщ. ЗыкъызыфlэщIыжыну цIыхухэм зы тIэкIунитIэри щхьэусыгъуэ яхуохъу. Нажмудин пагагъ, дыджагъ зыхэмылъ цIыхущ. Сэлам къыдимыхыу зэи дблэкIыркъым.

Нажмудинрэ Лизэрэ я бын цIыкIуищым хуэдэр зырызщ жыпIэми, ущыуэнкъым. Гъэсэныгъэфl яхэлъу къохъей. Укъалъагъуамэ, лIышхуэм хуэдэу адыгэ сэламри къуахри, хьэлъэ пIыгъми къыпIах. Уи фэтэрым нэс ныпхуамыхьуи ядэркъым.

Апхуэдэщ си гъунэгъуитIыр, сыщытхъуу езгъэлея дэнэ къэна, схужымыIэу куэд къэнащ.

Сэ «Ленин гъуэгу» газетым сыт щыгъуи соджэ. Фермэм сыщытесым жэщыр хэкIуэтауэт сыкъыщыкIуэжыр, ауэ а газетыр щIэзмыджыкIауэ сыгъуэлъыртэкъым. Абы къытохуэ «ЦIыхумрэ цIыхугъэмрэ» теухуа тхыгъэ куэд. Сыволъэlу къывэмыхьэлъэкIыу си гъунэгъуитIым щхьэкIэ жысIа псалъэ гуапэхэр къыхутевдэну.

КIЭБЫШIЭ Iэсят.
Налшык къалэ.

ПЩЫХЬЭЩХЬЭ ГУКЪИНЭЖ

нджыблагъэ щекIуэкIащ Тэрч районым щыщ Курп Ищхъэрэ къуажэм Культурэмкlэ и унэм. Пщыхьэщхьэм кърихьэлIащ совхозым и лэжьакIуэ пашэхэр, курыт школым и егъэджакIуэхэр, нэгъуэщIхэр. Абы щекIуэкIащ «Уи уи къуажэр фIыуэ пщIыхурэ?» жыхуиIэ зэхыхьэр. Мыбы уэрэдхэр щыжаIащ, къыщыфащ, усэ къеджэнымкIэ щызэпеуащ.

Пщыхьэщхьэм кърихьэлIахэм я пащхьэ концерт щитащ «Спринт» вокально-инструментальнэ ансамблым. Ар псоми ягу ирихьащ.

Культурэмкlэ унэм щызэхуэсахэм фIыщIэ хуащIащ пщыхьэщхьэ гъэщIэгъуэныр къызэзыгъэпэщахэу унэм и унафэщI Кхъуэхъужь Тимуррэ художественнэ унафэщI Унэж Артуррэ.

ГЪЭЩIЭГЪУЭНЩ

НЬЮ-ЙОРК. Лондон дэт Биг Бен чэщанэм хэлъ сыхьэтыр къэзыгъэувыIа парапсихолог Ури Геллер и зэфIэкIыпхуэр политикэм ирихьэлIэну мурад ищIащ. Нью-Йорк къыщыдэкI «Провиденс джорнэл» газетым и лэжьакIуэм щепсалъэм, абы жиIащ парапсихологием Iэмал ин зэрыхэлъыр зи фIэщ хъу сенатор Клейборн Пелл США-м и конгрессым аргуэру хегъэхыжыным яужь ихьэну гугъэ зэриIэр. Сэ абы дэIэпыкъуэгъу сиIэрыхуэхъуным къарууэ сиIэр есхьэлIэнущ, жиIащ абы.

* * *

США-м конгрессым 1988 гъэм къищта законым ипкъ иткIэ федеральнэ Iуэхущlапlэ. предприятэ псори метркIэ къызэрапщ хабзэм 1992 гъэм сентябрым и 30-м щыщIэдзауэ хуэкIуэнущ. ИтIанэ дэтхэнэ американцри зэса милям и пIэм километрыр нувэнущ.

* * *

МАПУТУ. Южноафриканскэ Аллан Кейл я Iэтащхьэу илъэсиплI лъандэрэ псы щIагъым щылъхьуэ гупым илъэси 138-рэ япэкIэ щIилъэфа «Биркенхенд» дэ транспорт кхъухьым илъ дыщэ ахъшэшхуэр къыдрахьенжыну я гугъэщ. Ахэр доллар мелуан 24-рэ я уасэу къалъытэ. Йоханнесбург къыщыщыпсалъэм, Кейл жиIащ мы гъэм гупым а Iуэхум къару ин зэрырахьэлIэнур.

«Биркенхенд» кхъухьыр, псыщIагъ мывэм жьэхэуэрэ, 1852 гъэм февралым и 26-м Африкэ Ищхэм и псы Iуфэм щыщIилъэфащ. Абы ися английскэ сэлэт, офицер 445-м щыщу зыри цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ япэ кхъухьым кънкIакъым. Абы цIыхухэр кърырагъэлыну илъа хьэфэ гъэпщахэр япэ щIыкIэ эратар ахэрщ. Апхуэдэ хабзэ дахэ абы лъандэрэ тенджызым щызокIуэ.

* * *

ГАВАНЭ. Кубэм щыщ спортсмен Франциско Феррерэ псы щIагъым ехыпмкIэ дуней псом текIуэныгъэ къыщихьащ. Ар метр 56-кIэ пхыкIащ. Кубэм щыщ спортсмен Хорхе Марио Гарсно нэгъабэ декабрым зэрехыфауэ щытар метр 46-кIэщ.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

ТВ

Апрелым и 4

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — мультфильм. 9.05 — «Къэблагъэ, музыкэ». 10.05—«Горьким словом моим посмеются...». Документальнэ фильм. Япэ, етIуанэ сериехэр. 12.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщIэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — «Музыкальнэ къулеигъэхэр». В.-А. Моцарт, Р. Шуман. 16.55 — «ТелеЭКО». 17.25 — сабийхэм хухаха сыхьэт. 18.25 — коллаж (рекламэ, хъыбарегъащIэ, информацэ). 18.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — «Художникым и мастерскоймэ». 19.30 — «Старомодная комедия». Художественнэ фильм. 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — мыхьэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъ. 21.40—«Телевизоркlэ зэроцIыху». СССР-м и артистхэу Максимовэ Е., Васильев В. сымэ. 23.10 — концерт. 23.25 — «Тэрэзэ». «Экономикэмрэ хьэл-щэнымрэ». 23.45 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15 — щIэныгъэ-популярнэ фильмхэр. 8.35, 9.35 — информатикэмрэ къызэрабж техникэмрэ я лъабжьэхэр. 11-нэ класс. 9.05 — нэмыцэбзэ. Еджэхэм я япэ илъэс. 10.05 — нэмыцэбзэ. Еджэхэм я етIуанэ илъэс. 10.35, 11.35 — музыкэ. 5-нэ класс. 11.05 — «Мамэ, вата, сэ». 12.05 — «Экраным и мастерхэр». Тарковский А. Япэ Iыхьэ. 13.20 — концерт. 14.05 — етIуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Первая радость». Художественнэ фильм. Япэ серие. 17.00 — мультфильм. 17.25—«Уэлым текIуэн». 20.55 — «Экраным и мастерхэр». Тарковский А. Етlуанэ Iыхьэ. 22.00 — СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием.

Щlыпlэ программэ. 17.40 — «Тхыдэм и напэкIуэцIхэмэ (балъкъэрыбзэкIэ). 18.05 — Текlуэныгъэ илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Ветеранхэр иджыри жыджэрхэщ (адыгэбзэкIэ). 18.45 — «Контакт». Класс нэхъыжьхэм щеджэхэм папщIэ телевизионнэ дискуссионнэ клуб. 19.25 — документальнэ фильм. 19.35 — «Республикэм и махуэ». 20.00 — нэхъыбэ фыкъикI, цIыкIухэ! ЦТ. 20.15 — «Ди унэ мамырыгъэ илъыну». Концерт. Бахъсэн РДК (адыгэбзэкIэ).

Р

Апрелым и 4

7.30—7.35 — газетым итхэхэр. 7.45—8.00 — симфоническэ къафэхэр. 17.15 — хъыбарыщIэхэр. 17.30 — «Хъыбарыжьхэр къыдолъхьуэ». Филологие щIэныгъэхэм я кандидат Гъут А. къопсалъэ. 17.45 — концерт. 18.15—18.25 — «Природэм и щхэхуэр. Сабийхэм папщIэ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ урам, 5, епщIанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым	— 2-21-64,
приемнэм	— 2-22-89,
редакторым и заместителхэм	— 2-21-86, — 2-22-84,
ответственнэ секретарым	— 2-22-82,
секретариатым	— 2-21-88, — 2-85-49,

ОТДЕЛХЭР:

парт лэныгъэкIэ	— 2-22-66, — 2-22-80,
идеологиекIэ	— 2-22-88, — 2-60-53,
экономикэкIэ	— 2-57-59, — 2-22-86,
хъыбарыщIэхэмкIэ	— 2-63-64,
письмохэмкIэ	— 2-68-31,
зэдзэкIакIуэхэм	— 2-85-36,
сурэттехым	— 2-85-78,
корректорхэм	— 2-60-27,
газет цехым	— 2-35-60.

КПСС-м я Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00583 Заказ № 3089